Babad Warni-warni
Padmasusastra

Babad Warni-warni, Padmasusastra, 1898, #1
Katalog

Katalog # : 1
Titel : Babad Warni-warni
Versi : Padmasusastra
Tahun : 1898
Image : Babad Warni-warni, Padmasusastra, 1898, #1
Tipe : Terbitan
Bentuk : Tembang
Bahasa : Jawa
Aksara : Jawa
Ikhtisar : Memuat beberapa karya Mangkunegara IV diantaranya: Wanagiri, Giripura, Tegalganda, Tasikmadu sampai dengan Nyanjata Sangsam. Dan masing-masing judul sudah mempunyai ikhtisar langsung mengikuti judul naskahnya.
Kata kunci : aksara, cetak, cithak, jawa, jawi, sejarah, tembang, sekar
Data digital :
1. Babad Warni-warni, Padmasusastra, 1898, #1. Kisah, Cerita dan Kronikal | Babad #1263.
Deskripsi

Judul
Luar : -
Dalam : Sêrat Babad Warni-warni
Lain : -
Sub-judul : -
Bagian dari : Dwija Iswara, Padmasusastra, 1899, #214
Memuat :
1. Bangsal Tosan, Padmasusastra, 1898, #198
2. Giripura, Padmasusastra, 1898, #195
3. Karangpandhan en Srikaton, Padmasusastra, 1898, #200
4. Langênarja, Padmasusastra, 1898, #199
5. Nyanjata Sangsam, Padmasusastra, 1898, #201
6. Pabrik Tasikmadu, Padmasusastra, 1898, #197
7. Têgalgônda, Padmasusastra, 1898, #196
8. Wanagiri, Padmasusastra, 1898, #194
Series dari : -
Penyusun
Jumlah : 1 dari 2
Peran : Pengarang
Peran ref. : Anggitan-dalêm suwargi
Nama depan : Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Arya
Nama belakang : Mangkunagara IV
Kedudukan : -
Lokasi : -
Tanggal : -
Sebelumnya 1 2 Berikutnya
Jilid
Jumlah : 1 dari 1
Jilid # : 1
Series ref. : -
Jilid titel : -
Penerbit : Albert Rusche & Co.
Tempat : Soerakarta
Tanggal : 1898
Edisi ref. : -
Print ref. : -
Halaman : 126-295 [3-172]
Gambar : -
Kosong : -
Sumber
Tidak ada data
Digitisasi
Transkipsi oleh : -
Digitisasi oleh : -
Tanggal : -
Sumber : -

Babad Warni-warni, Padmasusastra, 1898, #1

Katalog : Babad Warni-warni, Padmasusastra, 1898, #1
Sambung : -
Sêrat Babat Warni-Warni

1
Alih Aksara

--- [125] ---

Babad=Geschiedenis

Sêrat Babad Warni-Warni

Anggitan Dalêm Suwargi Kangjêng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara IV.

Kawêdalakên dening Ki Padmasusastra tiyang mardika ingkang amarsudi kasusastran Jawi ing Surakarta.

SURAKARTA

ALBERT RUSCHE & CO.

1898.

Bangsal Tosan, Padmasusastra, 1898, #198

Giripura, Padmasusastra, 1898, #195

Karangpandhan en Srikaton, Padmasusastra, 1898, #200

Langênarja, Padmasusastra, 1898, #199

Nyanjata Sangsam, Padmasusastra, 1898, #201

Pabrik Tasikmadu, Padmasusastra, 1898, #197

Têgalgônda, Padmasusastra, 1898, #196

Wanagiri, Padmasusastra, 1898, #194

Bangsal Tosan, Padmasusastra, 1898, #198

Katalog : Bangsal Tosan, Padmasusastra, 1898, #198
Sambung : -
Bangsal Tosan

1. Dhandhanggula

1. palataran sakidul pandhapi | winêwahan ingkang bangsal tosan | pirantos pakèndêlane | sagung kang para tamu | ingkang nitih rata myang bèndi | ing ngriku mandhapira | kala adêgipun | Sukra tri wêlas candrama | ing lèk Sawal Ehe sangkalaning warsi | karya tan ngèsthi warna ||[1]

2. cinarita ingkang bangsal wêsi | wêwêlingan saking tanah Dhislan | ing kitha Bèrlin pabrike | Wilêm Kam kang ingutus | Tuwan Borsik ingkang akardi | tinutur panjangira | sawêlas ingukur | pan nyêlak nênêm saprapat | inggilipun sakawan kawan dasa dim | ukur êlo Nèdêrlan ||

3. wawratira kalih atus dhacin | langkungipun kawan dasa tiga | nyatus kati [ka...]

--- 182 ---

[...ti] sadhacine | ngajêng pangaosipun | kalih lêksa wontên ing pabrik | liya ingkang prabeya | praptanirèng dunung | punika tan winursita | mung kinôntha wangun rêrêngganing panti | tumraping tanah Jawa ||

4. daragêpak pinapak lir candhi | bandar wiyar tan miyur santosa | tosan balabagan dèn ge | sinambung adu ujung | kêkahira kinêlam kêling | ingumpak marmêr seta | pilare piningul | lingire pinara astha | praptèng madya binubut bundêr dinalir | ginêgêl gêlangkana ||

5. têtirahe ginônja pasagi | amaju pat pinartima muka | kadya nguni caritane | duk para surawadu | arsanggodha mring Dyan Pamadi | cinoba

kinèn laya[2] | mubêng ngarsanipun | Hyang Brama lan Batharendra | kalihira sangêt kacuwaning galih | puwara sami nyipta ||

6. catur muka mrih bawera ngaksi | lawan pandam turunaning wulan | kang anèng pilar isthane | dene ingkang dumunung | sêsambêtan dhauping [dha...]

--- 183 ---

[...uping] êlis | sami pratima muka | èstri lawan jalu | amubêng kadi rumêksa | lan nambrama dhatêng kang lumêbèng panti | sumèh sêmuning netya ||

7. pinardawa rêrêngganing nginggil | pucak sinung makuthasmaraja | tumumpang tamèng isthane | punika wêrdinipun | kangjêng raja ingkang pinundhi | tamèng nayakanira | kang nangkil pakewuh | pinracaya ngrèh jajahan | kang dèn andêl ing wadya kang dèn ratoni | dene aksara asma ||

8. Mangkunagara ingkang umunggwing | tamèng raja iku wêrdinira | tan liya amung sumendhe | mring para andêlipun | Kangjêng Raja Nèdêrlan sami | kang anèng tanah Jawa | dene ron kang lêngkung | kalih pang tinalèn pita | yeka tôndha kang asmara pinarcadi | antuk bintang ing jaja ||

9. widadari ingkang ngapit-apit | kang sajuga mawa obor ika | lan kalam lar satunggale | yeka sasmitanipun | kang tinêdha ing siyang ratri | mugi mitulungana |

--- 184 ---

dhatêng prajanipun | yèn pêtêng dèn padhangêna | lamun supe sumêlang ruwêding kapti | mugi dèn èngêtêna ||

10. ngandhap tamèng mukaning maharsi | sumping anggur lan mikul puspita | malèngèh katon guyune | sakiwa têngênipun | widadari pan kalih sisih | sami bêkta tabuhan | sumangsang nèng ngêlung | kêlayu sang rêsi wrêddha | ngayubagya manadukara sêsanti | dhatêng sang ambêk darma ||

11. wêrdinira kang winahya lagi | rêsi wrêddha tatalê ing kina | kontap ing kasudarmane | marma samangkenipun | pinartima wau kang warni | pinrih sami uninga | dene sumping anggur | ing nguni singa cêlaka | sêgêr sumyah mirêng sabdaning sang rêsi | amikul kang puspita ||

12. rinambatan para widadari | ingkang sami gêndhing sêsêndhonan | punika ing sasmitane | sintên ta kang andulu | puspa anjrah manuksmèng ing wit | èsmu rêna ing driya | rêsêp manahipun | sumawana yèn miyarsa | swara alus sêsêndhon [sê...]

--- 185 ---

[...sêndhon] anuju kapti | yêkti enggar ing driya ||

13. kanan kering jêjamang ing nginggil | pinartima têngah paris waja | dèn apit warangganane | anyêpêng buntal landhung | sawarnining sari sinuji | angawêng cinêpêngan | dening surawadu | sami munggwing lung puspita | wingkingira sarpa wilis kang sumêngit | nèng patra yun sikara ||

14. kadêngangan dening paksi kalih | kang taksaka tandya pinarwasa | pinatuk lina têmahe | yeka sasmitanipun | sapa arsa sikarèng budi | sayêkti tan widada | ing samarganipun | dèn mrinani ing sasama | beda lawan kang ayun jujur ing kapti | èsmu manggih raharja ||

15. wontên malih rêrêngganing nginggil | ujung ngajêng kanan kering mata | tênuk tosan pêpindhane ? | kumbaya duk ing dangu | kang kinarya ngêdus Pamadi | anèng Endrabuwana | tinulad ing wangun | kang isi tirta nugraha | wit Sang Parta samana madêg narpati | gumanti Batharendra ||

16. marmanira linuri kang warni |

--- 186 ---

dadya srana sasmitèng panêdha | miriba ing kabêgjane | mangkana sêdyanipun | asma ingkang dumunung waris | Mangkunagara juga | kalih tiganipun | praptane kaping sakawan | pinarsudi widadanirèng pambudi | mangun arjaning pura ||

§ = 1804 [Sengkalan: karya tan ngèsthi warna (Jumungah, 13 Sawal 1804 A.J., Jum'at, 12 Nopember 1875 A.D.)]. (kembali)
taya. (kembali)

Giripura, Padmasusastra, 1898, #195

Katalog : Giripura, Padmasusastra, 1898, #195
Sambung : -
Giripura

1. Dhandhanggula

1. unggyaning kang patamanan asri | palerenan soring Pandhanpura | pêrak pasar bandarane | mripit pinggir margagung | sinung wisma winancaksuji | wetan bale kinambang | balumbang binatur | sela malipir pêpalang | pinalêngkung marambat ron sônggalangit |

--- 141 ---

lung mulêt sêsulaman ||

2. kinêlasah pala-pala lêsmi | toya lumrang lumut lamat-lamat | kadya lêlana iline | ron bayêm bang ngrêmbuyung | gadhung mure sari saruni | malathi kanthil seta | kinênthêngan mênur | thinarik pêtha ponthangan | panthan-panthan soka miwah môndhakaki | kanikir kanigara ||

3. kapang pinggir pagêre malipir | puput tinarutus ing puspita | tanjung rêjasa jajare | mêngês saruni wungu | argula bang taluki putih | patra kaleyang lêsah | kèh katêla alum | kêmbang-kêmbang jinêmbangan | alit mubêng munggèng marga kanan kering | lèr tirta pasiraman ||

4. akêkirih linêping parigi | ilèn-ilèn luhur tinambakan | toyanjog luruh iline | lêmpêr udaling ranu | kêmbang samya tuwuh ngidêri | sayur asri karaka | soring lata lumung | kentar katut ing maruta | tejaning ron satata lintang sinuji | pradapaning kumala ||

--- 142 ---

5. angênglêngi rêsmining kang sasi | saput sêkar cêpaka sungsunan | pacar trikancu prabusèt | tongkèng têkèng palêngkung | sulur-sulur raras ngawêri | wora-wari tawuran | mangkana winuwus | marga minggah pasanggrahan | graning arga pinggir-pinggiran maripit | turus wari warata ||

6. kêmbang abang têtimbanging têmbing | têbih tinêba tambah têgalan | palakirna kèh warnane | kêncêngan kacang kancuh | kara ngawêng cakêt kacipir | lang-alang sêsêlingan | glagah irêng rayung | ngandhap dhukuh gêgadhangan | palapêndhêm nêdhêng mangsane ngundhuhi | tan kêndhat têtundhunan ||

7. lurung menggok anggêgêr manginggil | nênggih pasanggrahan ngayunira | palang palêngkung prênahe | panjêran bandera gung | awarna sri wastra inganggit | kering marga dwi wisma | panggonan gôngsa gung | niyaga mangapus gita | pelog slendro lan tabuhan Carabali | tunggal bale sajuga ||

8. ajujugan pajagan prajurit | saragêni [sa...]

--- 143 ---

[...ragêni] wismagêng unggyannya | ya ta winarna rênggane | kang pasanggrahan agung | jajar katri sairib loji | èmpèr ubêng irasan | wismagêng ing ngayun | pagut taritis tinalang | arimbagan talundhag sungsun pinardi | ing sela sumayana ||

9. mayêng ruji hèk samya ingukir | saka-saka lis-lisan pinulas | seta sêlingan wilise | mêsteran jarambah byur | rata turut têkèng taritis | kori agêng lêmpitan | pinarada lurus | paningal sungsun sunggingan | candhela ram karepyak tirah winardi | gêgêbyog kapurônta ||

10. kamar-kamar langse pinalipis | sungsun katri wilis pita rêkta | sutra lumbu lêlêmpire | pangapit kasur santun | tutup kaca kêmbang cinuki | ngarênyêp marakata | anuksmèng sitangsu | munggèng kanthil kinakapa | rinênggèng mas rineka lintang angalih | tulya srine kawarna ||

11. madya pandam gantung ngapit-apit | gêdhah tuwin gambar kaca-kaca | sumyar sumulak lawêne |

--- 144 ---

sawang wintang sumawur | gêbyaring kang ujwala kadi | maruta têtêmpuran | wong sotya ngênguwung | ngawêri munggèng kêtêban | ginaribig mubêng pinulas cèt wilis | muyêg amaya-maya ||

12. trus pintu lor ing paningrat maring | pasiraman sinungan panggungan | rapêt têpungan èmpère | pinrih kasukanipun | pangabênan sato ngungkuli | kinalang pagrogolan | wontên wismanipun | wetan parêk palataran | panggonaning jayèng pakaryan ngladèni | saos minum-minuman ||

13. pêpundhutan tinômpa pangrakit | kering marga ngandhap wisma jajar | kêstal dragundêr sisihe | tukang pasêpèn lampu | juru mangsak koki Walandi | ngrukti sagung dhaharan | kêmeja ing ngriku | kanan wisma lêlajuran | kampung panjang ujung pakuwonirèki | tamu pininta-pinta ||

14. wontên malih wangunan kapering | purwa gêdhong kinubêng sakôntha | asri tinon busanane | suyasa yasanipun |

--- 145 ---

duk jêng gusti karsa mribadi | mundhut made pidikan | rêrêngganiragung | wiwara madya têrusan | pêpungkuran jêrambah mêsteran sami | pagêr tembok laburan ||

15. candhela ram panilan ingukir | usuk saka pinasah lis-lisan | èmpèr tinadha takire | sunggingan sarwa mungguh | goning saos punggawa mantri | watês pananggap ingkang | pagêr tembokipun | jaba jro sinungan kamar | kering kanan linangse linusir-lusir | jingga ginrènjèng ing mas ||

16. lawan sinungan wisma ing wuri | pindha gupit gandhok pagêdhongan | tandhês jarambah jêmbare | kajogan pinggir batur | bata tembok mubêng tarêtip | èmpèr saka pilaran | linepa ing labur | karo kamar kering kanan | môngka pajungutan jêng gusti pribadi | kang sarwadi rinêngga ||

17. ingumala rineka ingukir | endah sisihan kamar kênaka | para dyah pingitan gone | kang samya ulah

--- 146 ---

rungrum | pêpêthikan kang adi-adi | miwah gêdhong sabarang | busana kaprabun | sumaos masih ing ngandhap | talundhagkan tundha dhêdhêkan ngênggoni | kaparak pasêdhahan ||

18. kinirtya ring kang jinêm patani | wetan astam kataman-tamanan | santana lêng-lêng langêne | ruru angumalarum | pala-pala mêrdu wêwangi | wingkis dening maruta | marwata rum-arum | pamadya sinung witana | winarnendèh[1] paseban bangsal pangrawit | rêspati ngarawistha ||

19. sangkêp sanggyaning rêngga pinardi | sasananing wukir srimandhala | ramnya ruru kêkuwune | kang para pratiwa nung | myang santana manta tan têbih | goning mantri punggawa | sawega nèng kidul | gabag sapinggiring marga | tunggal gone turôngga agêm pan munggwing | kêstalan Ki Pratala ||

20. lurah gamêl têtunggon nungguki | dene titihan kang kathah-kathah | badhe tundhan andhungane | lèn wontên wismanipun | tunggal jaro jujugan kori | jibêg juru

--- 147 ---

dhadharan | angrukti sêsuguh | beyane saka nagara | sawarnane kebo bèbèk ayam kambing | lan bêkakas bujana ||

21. tan kalilan wong bumi nguruni | beya amung bau sukunira | sumbang nangkul barang gawe | kang môngka kamisêpuh | manggalaning lungguh Ngabèi | Wara[2] Sumadiwirya | rèhnya limang atus | kuwasa wênang misesa | arjaning kang wibawa saksat bupati | dhasar trah wirotama ||

22. wus nglabêti prawiraning jurit | duk taruna ing mangke diwasa | mawat wuwuh wêwekane | babantar bèr budya nung | bisa karya

sukaning gusti | têtêp tan kawanguran | pangêbanging têmbung | antuk sih pinaring putra- | tama priya pêparab Radyan Mas Giri | dera timur nèng ngarga ||

23. saking gêng sih marang Mas Ngabèi | Sumadirya môngka tôndha prapta | tumrap ta tonton tatale | kyating wiswa saèstu | putus marang sabarang kardi | tan tungkul mrih titika | kacakan kacakup | titi mong mêngku talatah |

--- 148 ---

winantonan kaipe radèn ngabèi | tur pêpatih wisesa ||

24. nora kewran waskitha kinathik | prawara[3] mukaning mantri mantra | kawara kautamane | titi milutèng wadu | wisayaning basa basuki | kunêng malih winarna | margagêng mangidul | jog dhusun Sêndhang Pablêngan | ana labêt lwah-lwahan munara bèji | tutug tirta pawitra ||

25. saèstune kang toya ginaib | nora nana caritaning kuna | kawruh kala kamulane | wijile kang toya nung | karsaning Hyang sangêt piningit | mangkya babar sadaya | nugraha piturun | turasing tirta nirmala | wus pinasthi nirnakkên lara sabumi | mulya sakayunira ||

26. wus punagi nalikaning nguni | sapa ingkang angum anginuma | waluya ilang larane | wuwuh yuwananipun | miwah kaprawiran ngêntasi | madêg sasêdyanira | pinuji pinunjul | marmanya mangke kèh prapta | kang samya mrih toya nirmala linuwih | linuluh amilara ||

--- 149 ---

27. tuwan-tuwan tuwin para gusti | tumpa-tumpa nglêluri têtela | lêksana ing wusanane | tanwun suka sinungku | pan sinêngkêr ing juru kunci | cinawis cêcaosan | salire sinangkul | tinunggu dêmang sajuga | kang jagani sunggata tan kêna gingsir | sêsuguh sabên dina ||

28. waragade jêng gusti maringi | saking dahat sih marma susila | tulus lêwih wilasane | mêlasirèng ngumulun | lênglêng lila lupa kalingling | lumintu tan kalingan | malih kang winuwus | wontên tirta kang angkara | anggurnita swara gumuruh ngajrihi | mawa gônda ulêkan ||

29. we walikan umob wingit wêrit | angkêr jroning jurang jro gonira | tan bisa pêrak sakèhe | sato lan manuk-manuk | myang manungsa-manungsa sami | yèn kongsi nungkulana | sayêkti ngalumpruk | sumaput têmah palastra | liya saking jin setan prayangan pêri | bisa kalis wêntala ||

30. marma tinutupan siyang [si...]

--- 150 ---

[...yang] ratri | saking watir gawate kaliwat | yeka pameêg-amêngane | jêng gusti kalanipun | alêlana langêning galih | mulat mrih kalangênan | saluhuring gunung | wontên malih katingalan | têbih saking pasanggrahan Pandhanpuri | ujung kawêkas wetan ||

31. lakon patang jam dohirèng margi | angèl dene sêsêngkan rêkasa | lamun munggah jurang cènggèr | lowah luwêngan singup | gênting gawing lêmahe miring | wontên simpangan ngandhap | marga parang parung | pèrèng curi rumpil rampal | pipil papal rampungan dèn ingu kardi | lurung lêmpar polatan ||

32. pasanggrahan kèbêkan ing pinggir | pêgat-pêgat têngahe pêthitan | kêmbang tambuh kèh warnane | wênês wulan sumunu | winèh sunaring surya wingkis | swanitaning kusuma | sung sari sumawur | ngênani sênên tan ana | Tawangmangu cinatur luwih ngungkuli | saking taman sadaya ||

33. miwah wisma busananirasri | undha-usuk lan ing Pandhanpura |

--- 151 ---

sêdhêng tan ana tondhene | sarwa rarasmarèsmu | mêmara mrik kang sari-sari | di-adi wowohannya | sagênap tinunggu | kang bôngsa Kompni pranakan | kang minôngka opsindêr tukang ngidêri | Dhanil Purtir Tiyasa ||

34. sabên kabèh kêbon maratani | miwah kahwa winantu têgalan | tambah wimbuh bubakane | wohe tan kênèng etung | môngsa sinang nêdhêng nêngahi | môngka taman timbangan | wukir Tawangmangu |

lawan wukir Pandhanpura | ukur-ukur sakêdhap kala nêdhaki | ugêring Pandhanpura ||

35. kadya caritanira ing nguni | srine pindha ing wukir Malyawan | ing Giripura isthane | kathah kang samya rawuh | kang durung wruh adining adi | malah liyaning mônca | praja bawahipun | prapta katuwon tumingal | ketang dene udyana asri ing wukir | sor langêning srinata ||

2. Sinom

1. dadya mangsuli carita | wangunan winangun malih | arjaning arga gitanya | pasanggrahan Giripuri | mrih samêktaning titi |

--- 152 ---

tumular lêlangênipun | kang sinawung wilapa | têlah lupiyaning tulis | pan mangkana kamantyan rêngganing taman ||

2. langkung lam-lamên kang mulat | lêlangên luhuring wukir | sampat sabusananira | lata sinêlan ing sari | tinub ing marutaris | riris sumawur rum-arum | raras ruming kalangyan | manglaya lata linuding | tirta kentar warata tibèng antara ||

3. taru kawaratan toya | tumaruna ronnya sêmi | sumunar kang sêkar mêkar | nahên wuwusên ingkang sri | suyasa Pandhanpuri | sinungan marga têtêlu | mangidul lan mangetan | kilèn kang saking nagari | rêsik sêdhêng ratan ingambah warata ||

4. marga mangidul têrusan | yèku kang kocap ing nguni | wukir bukit kara tirta | tuhu hèr kang mahosadi | wontên simpangan malih | margagêng mring Tawangmangu | sami kalangyanira | dining udyana jêng gusti | nênggih marga mangetan ingkang winarna ||

5. têrusan sukuning arga | pacangkraman taman candhi |

--- 153 ---

têbih nanging katingalan | saking langên Pandhanpuri | ya ta wau winarni | dohing taman wukir Sukuh | saking ing Pandhanpura | kêpara nêm pal tan luwih | nging rêkasa marga tumurun sumêngka ||

6. mangkana rêngganing marga | urute tumurun trêbis | anut ujunging aldaka | têtirah têpi naritis | kalamênta garinting | tinon tarap lir pinatut | kèh lata kawistara | samya wèh rêngganing margi | kering kanan lêluhur pèrèng jêjurang ||

7. rês-rês munya sêsauran | katrêsan ing marutaris | tistis raras kapistara[4] | lungsir kêlap ing rèh kadi | dyah matangkis ing rêsmi | pinrih rinabasèng kakung | kongkang nèng rong lir rêntang | mawarah upaya sandi | ngasih-asih kadhasih lir mriyêmbada ||

8. kumêlap kêmbang galagah | lir cêmara uwal saking | ukêling dyah sinjang lukar | rayung wêdhare kang wèni | sata wana munya njrit | nawung rarase malatkung | wolung liyêp lawatan | lêmpêr lumarap ngulari |

--- 154 ---

mring lakine tumiling tan kawulatan ||

9. lêlêbak tan ana sêla | lumintu duluran janmi | kang samya mrih upajiwa | wiji tandurannya miji | wijah nyambi jêjaring | anjrah banjare linajur | jarak kadya jajaran | papak pagêre marapit | turut pèrèng pinetak-petak warata ||

10. parang kadya ngapurancang | panggênging ori barêngi | rêng-rêng srine lir nambrama | maring gêlung ukêl pakis | isthanya lir ngabêkti | pari parikan margagung | nêdhêng mangsane jênar | wêwulèn tumêlung lêngis | ngayuh pindha rara ngawe tuduh marga ||

11. lêlurung lêkèh jalampar | kali ngalang nêngkêr margi | lêmpêr iline sumilak | sabên sinaba maliwis | kalingan wit walingi | ayêm salisik laripun | lumut ngalingi sela | wingkis lingkabnya kaèksi | kalunturan wênês wêdhine malela ||

12. tunjung têtirahing tirta | pandhoga pudhak kasilir | karya lam-laming lumampah | pala di-adi andadi | duluran [dulur...]

--- 155 ---

[...an] sadpada mrih | ngidêri widaning madu | kewran tanpa donira | manderagêng angayomi | ngayêm-ayêm kêkayangan ayam wana ||

13. sêsêngkan kêpering ngarsa | sangsaya ngayuh ngungkuli | nglangut ngambat ing pratala | lunyu luhure tumiling | luwêng malang ngantèni ? | jro watêse tan kadulu | lingkabing alang-alang | lêsah tilase kabêsmi | miwah kahwa kathah lir rinajacêtha ? ||

14. wit-witan kèh kaliwatan | têturusan tinon asri | têngkêl-têngkêlan timaha | tambi pêrbatang tan têbih | watu tap-tapan pipit | tumpuk têpining margagung | têtêrêsan katrêsan | kontab taman Tubagiri | wêwangunan sri tinon saking mandrawa ||

15. lata tinub ing maruta | sumyaking swaranirasri | kadya ngatag sêkar mêkar | sumilir amawor riris | panjrahing sarwa sari | karirisan marbuk arum | rêgula mawar jôngga | taluki saruni kuning | tinon kadya kang wêntis kèsisan sinjang ||

16. lor

--- 156 ---

lêngkèh lêtan jêjurang | aluran lungur manginggil | siluk kalingan galagah | trêbis parang pèrèng rumpil | sukêtan rawis-rawis | rêgêd ngrêguyung rêrayung | kêpuh pange pulêtan | pule paliran pênjalin | tangkil pandhak bondhot kadya gêgandhengan ||

3. Kinanthi

1. lêng-lêng langênan kadulu | pasanggrahan Tubagiri | marga menggok ngalèr ngetan | tumurun nanging tan têbih | taman ngiras palerenan | sinungan wisma rêspati ||

2. pêpinggiran magêr timun | sêlan argulo ginapit | palêngkung sinulam-sulam | tongkèng marambat ngungkuli | têngah-têngahe gugulan | sayuran sêlat sêlèdri ||

3. lung kapri kara tumêlung | sêling lobak patrasèli | sumbang aluran barambang | galêngan alarik-larik | winulat lir jêjidharan | susulan salin-sumalin ||

4. wilis ron kilenan ranu | nêlasah kadya nênangi | naput ngêlêbi lètèran | sêsinggang samya ngalilir | liwêran kontul manglayang |

--- 157 ---

katiga kasatan warih ||

5. pala pêthêtan pinupul | kaleyang papal ngalingi | rawa ya singlar luwaran | pare ayam rawit-rawit | ngrêngas ingkang parijatha | pêpanthan kêmbang ngubêngi ||

6. kêmuning kênaka nawung | noja wênèh mas kanikir | mênur saruni kênanga | taluki rêgulo putih | saput sarining kusuma | lintang sumusup ing tasik ||

7. tistis sugônda rum-arum | sumêsêp kang sari-sari | sumrik mèsi rasamala | capaka sungsun sulasih | angsana sisihan soka | pacar kadya ngacarani ||

8. rame brêmara nênungsung | mrih madu ngalih mêmilih | swanita mêrdu kumala | dilêm mardawèng wêwangi | gambir ngarang kawigaran | wiyoga kelangan sari ||

9. wetan rawa nênarawung | tembok pagêre parigi | sumunu wêning kawuryan | têrate atap ing têpi | kayu apune anamar | katawêngan irim-irim ||

10. ganggêng agring ing lêlumut | ngêlalar sulur nglumuti | mirut [mi...]

--- 158 ---

[...rut] sêlaning sêsela | sêluran mina kaèksi | mangu garamèh angambang | ngambêngi sêsili nilip ||

11. ngêlêm nilap pêksi pêlung | akas nangkul wit walingi | wijah ujwala rêjasa | kanjar anjrah lir jajari | pêpulon tuwuh hèr tambang | ngarikil kang manik-manik ||

12. sumyar wêdhinya kumêpyur | kèngsêr katiban prawasti | rêmbês lambunging prabata | pancur-pancuran lêstari | we muncar pan tinalangan | kêkirih timbang botrawi ||

13. têmah swaranya kumucur | iwêng-iwêngan[5] pring ori | linapis pucuk tumumpang | talaga anyar kinardi | mawantah wutahing toya | nênilas lêlarèn adi ||

14. putêran kang sètu-sètu | pantês pasange pasagi | paparan padhas rinata | tawing parangnya siningkir | mèdi sinungan wadêr bang | mina ingon pèni-pèni ||

15. rinèh mênêb toyanipun | sêsunglon rapêt sinaring | rêsik curine kawuryan | urang rêrukunan aring | kentas rês-rêse tan ana | kunêng marga kang manginggil ||

--- 159 ---

16. pucak pacangkraman agung | margagêng nênggêl ing wukir | ngayuh linut tan sangsaya | rinata tala katitih | tênggêr tikungan tataran | watu têtanggoran kèris ||

17. kandhih dening ladhu mawur | wiwalan ruwêt garinting | patikan lan tapakliman | pêpulutan têtêr têki | pintèn tak atêp-atêpan | pinaras rêmpêg ngêtêpi ||

18. kikis longkang pinalêngkung | kayune rata ingukir | tiyang panjêran bandera | kumêlap kitir-kumitir | kitir môngka têtêngêran | nalika têdhak jêng gusti ||

19. têgêse wukir ing Sukuh | miwah wukir Pandhanpuri | jêng gusti karsa sarana | lêgawa langgêng kinardi | anggêr yèn wong agung prapta | ing têtunggul para ratni ||

20. miwah mong mangun kalangun | kala lêlana kuliling | sinungsung sakarsanira | sumungku ing tyas ngênani | gung kataman martotama | tulus sinudara yêkti ||

21. entyarsanira ing dangu | santa tinêpa tan sipi | têmuning

--- 160 ---

sêtyanityasa | tan susut susuk srahsaking ? | rumêsêp sah tapasiha ? | sinung rêna winangun sih ||

22. sakèhing suka sinungku | wanta-mawantu[6] mratani | sih tinut saparibawa | sagung sangsara sinangkir | mangkana adining arga | mawarna-warna marnani ||

23. wêwêngkon wangunan wuwuh | pindha padhepokan adi | kori rinênggèng gapura | pêpucak manik cinawi | cinithak angarawistha | sela sungsun pinalipis ||

24. pinatik turut manguntur | bêbau sinilih asih | têpi jro luhur sinungan | gupala sirah rasêksi | goraya siyung kumilat | netranya ngebat-ebati ||

25. kapradika kuwung-kuwung | munggul sarawungan kèksi | tinundha undhak-undhakan | sela kang sabilik-bilik | kang tandhês lêdhok rinata | madyaning natar kinardi ||

26. sinipat sarasah watu | sungsun wiwara warna tri | alit kinôntha pamêngkang | pajêg rimbagan lir jobin | rampak wêwaton tan rênggang |

--- 161 ---

pêpataran watu putih ||

27. rolak sêsaton pinatut | sêling lung-lungan ngungkuli | taru markêdhat marambat | mangungsir nguswa wêwangi | asrama pandulyan aglar | pratisthèng gopala ciri ||

28. candhyagêng ngayun kayungyun | sewala watu tinulis | sato miwah buron toya | pinartimèng watu samir | jaja pojokan maju pat | jêjêg ujure pasagi ||

29. ing kering kananiragung | kayu arywana ngayomi | anyang mayêng karangean | tumangkar kang rasuk angin | pinggir pagêr gôndarasa | gêng-gêng girang pring gêndani ||

30. tèh pinantu tirta tuwuh | tumular sêmi nututi | tarap ingkang tiris dênta | kêpering kuning dumêling | mèdêm dalima diwasa | sêmbada pala andadi ||

31. kêmbang-kêmbangan sumambung | kinêbon babar mimbuhi | sumêbar gandanya ngambar | sumbaga kombang ngubêngi | mamrih maduning kusuma | katêmbèn saba tabêri ||

32. capaka cakêt acampur | pacar sêkar kacapiring | cindhaga pêncar cêngkaran | kêncêng [kê...]

--- 162 ---

[...ncêng] gugucèn lumirig | calarat cêla malembat | carêman carême manis ||

33. kèngêl lung gadhung tumêlung | mulêt manglung ngalangoni | têlêng taluki tinulwa | silih lêlangêning sasi | raras rêsmining kumala | manuhara wangi-wangi ||

34. kidul wangunan kadulu | môngka pasanggrahan adi | wismagung wuri sinungan | kampung têpungan taritis | tinadhah talang gonira | punggawa kang ngampil-ampil ||

35. malih wismalit ing pungkur | kêkalih angapit-apit | unggyaning kang sêsaosan | lan sagung minuman sami | ing kanan pandêngan kuda | cinakêt kêstal tan têbih ||

36. kêkayon ngayunanipun | nêdhêng tumaruna sandhing | karana pinaripurna | supênuh rêpat rêspati | kang saking tanah Eropah | kèh mêntas putêran prapti ||

37. apêl tumpal lan pèrsiku | soklat cêmara kênari | palane kang dèn pilala | kulon nam-nam kayu manis | tan wus yèn winarnèng gita | swastaning taman jêng gusti ||

1. winarnendah. (kembali)
2. Wira. (kembali)
3. prawira. (kembali)
4. kawistara. (kembali)
5. ipêng-ipêngan. (kembali)
6. wantu-mawantu. (kembali)

Karangpandhan en Srikaton, Padmasusastra, 1898, #200

Katalog : Karangpandhan en Srikaton, Padmasusastra, 1898, #200
Sambung : -
--- 188 ---

Karangpandhan en Srikaton

1. Dhandhanggula

1. kang mangagnya: mrih sarkarèng rawi | jêngira sang: narèswaratmaja | panggagasing sarirane | ngèngêti kalanipun | rancakèng tyas duk anèng ardi | agung dènnya sangsara | ngambah jurang sirung | beda praptane sanggraha | ical sagung rancaka enggar ing galih | marma kinèn amarna ||

2. mring kang wignya têpaning palupi | lêlêpiyan pamardining basa | kang tumulad pagunane | sujana kang wus putus | karsanira kang asma sandi | kaping tri Surakarta | pinardawèng kidung | laksita dènnya cakrama[1] | dhèrèk kang wa: Jêng Gusti Pangran Dipati | Arya Mangkunagara IV ||

3. nalika mring pacangkraman ngardi | Karangpandhan sawetaning praja | kalih dasa pal têbihe | ing nguni yasanipun | swargi Kangjêng Pangran Dipati: | Arya Mangkunagara | kaping [ka...]

--- 189 ---

[...ping] kalihipun | mangkya winangun wus dadya | rakitira kadi puraning maharsi | tuwin pandhita raja ||

4. lawan yasa pacangkraman malih | ing Srikaton namaning aldaka | kidul wetan ing prênahe | mung nêm pal têbihipun | saking wukir ing Pandhanpuri | ing mangke sampun dadya | ngilèn ajêngipun | asri rêngganing suyasa | yeka ingkang badhe pinirsa jêng gusti | lajêng arsa pêpara ||

5. lan jêng tuwan residhèn ing nagri | Surakarta Yekêl asmanira | kang tumuntur ing lampahe | katri putra sang prabu | ingkang sêpuh Jêng Pangran Bèi | myang Pangran Prabuningrat | lawan arinipun | Pangran Kusumadiningrat | wontên malih atmajanira Jêng Gusti | Arya Mangkunagara ||

6. mung sakawan kang sami umiring | Pangran Arya Prabu Prangwadana | Pangran Dayakusumane | kang kalih wus tinuduh | ngrumiyini dhumatêng ardi | Pangran Gôndasaputra | lawan arinipun | Pangeran Gôndaatmaja | kalih [ka...]

--- 190 ---

[...lih] sami binêbahan mariksani | sagunging pasanggrahan ||

7. lawan kinèn lajêng dhatêng ardi | Seladhukun watêsing Magêtan | amêthuka ing lampahe | residhèn ing Madiun | Kangjêng Tuwan Pèlsêr: kang nami | arsa mring Karangpandhan | panggih ipenipun | residhèn ing

Surakarta | mila mangke umangkat nunggil saari | mrih sarêng praptanira ||

8. nahên ingkang mêthuk anèng margi | winursita: Risdhèn Surakarta | kadi sarêng ing lampahe | enjing wanci jam pitu | angkatira saking nagari | anuju ri Anggara | nêmbêlas sitèngsu | wulan Saban Be kang warsa | sinêngkalan: ngèsthi nênga salira ji |[2] kang nunggil sakareta ||

9. Kangjêng Gusti Pangeran Dipati: | Arya Mangkunagara: kalawan | Kaptin Noi katigane | sakawan putranipun | kangjêng gusti kang kaping kalih | namarya Brajanata | gangsal putranipun | Jêng Gusti Pangran Dipatya | Arya Mangkunagara: kang wus winuni |

--- 191 ---

Pangran Dayakusuma ||

10. Jêng Pangeran Ngabèi anitih | sanès rata lan Jêng Pangran Arya: | Prabuningrat: katigane | Jêng Pangran Arya Prabu | Prangwadana: malih putra ji | Pangran Sumadiningrat | catur nunggil dunung | wontên malih sanès rata | andhèrèkkên mung badhe dugi bênawi | Pangran Suryadiningrat ||

11. lan ambêkta kalih ingkang rayi | Dèn Mas Suryadarmaja kang nama | Suryadarsana kalihe | têtiga nunggil dunung | wontên malih ingkang umiring | inggih sanès kareta | sira Dyan Tumênggung | Jayasarosa kalawan | Dyan Ngabèi Cakrajaya ingkang nami | lawan Jayasumarja ||

12. tuwin malih sira Angabèi | Martarêja: lan Jayadipraja | sami bêkta ampilane | dene ingkang garubyug | ing kareta ngajêng lan wingking | dragundêr mung sakawan | gangsal tindhihipun | lampahira sampun prapta | jawi kitha ing Jurug kilèn bênawi | têdhak saking kareta ||

--- 192 ---

13. pinêthukkên wadana pulisi | Dèn Mas Arya Sêbrata: kang nama | umarêk sapanêkare | kang sadhiya ing ngriku | kangjêng gusti pangran dipati | lan Risdhèn Surakarta | lajêng tindakipun | dhatêng têpining narmada | nitih palwa nama Sang Nagabasuki | lan sagung para putra ||

14. dyan tumênggung tuwin para mantri | numpak palwa aran: Cakranggana | mudhik ngetan panabrange | prapta babaganipun | gya tumêdhak dhumatêng gisik | tan karsa pinaraka | pasanggrahan agung | lajêng anitih kareta | lan pra putra sadaya ingkang umiring | ri wusira samêkta ||

15. gya nimbali dhumatêng kang rayi | Pangran Suryadiningrat kang mônġka | parawira ulunane | tuwin radyan tumênggung | kang pinatuh pinatah patih | sira Jayasarosa | kalihe tinuduh | wangsula marang ing kitha | rumêksaa ing praja lan jroning puri | bawah Mangkunagaran ||

16. ingkang rayi sandika wotsari | tuwin sira Sang Jayasarosa | sumanggêm [su...]

--- 193 ---

[...manggêm] konjêm sêmbahe | saha sakondhangipun | pra wadana panèwu mantri | samyatur pujastawa | tan antara dangu | rinakit rekaning lampah | kang garubyug tuwin wadya kang jajari | samaptaning pêpara ||

17. tandya bidhal lumaris tan aris | nitih rata Kyai Wimbakarya | kapal Sidni pangiride | napas tur pancal panggung | de kang mawor sarata ngarsi | tan ewah rakitira | kadi duk ing wau | miwah kang jajari rata | sumawana: kang garubyug munggèng wuri | sadaya mantri desa ||

18. wimbasara myang kang para langsir | amung catur sangajênging rata | ingkang andhèrèk lampahe | wadana para gunung | samapta gya numpak turanggi | Dyan Mas Arya Sêbrata | yeka tindhihipun | rumêksa jro lumaksana | kang sumambung wurine para pulisi | rata titihanira ||

19. atmajendra Jêng Pangran Ngabèi | jajar lawan Pangran Prangwadana | ingkang wontên ing ngarsane | kang rayi ajêjuluk | Pangran [Pangra...]

--- 194 ---

[...n] Prabuningrat lan malih | Pangran Sumadiningrat | yeka arinipun | sadaya nêdhêng taruna | catur samya pantês sami pêkik-pêkik | siringan warnanira ||

20. sinêru kras lampahira prapti | padhukuhan Jumog wastanira | katon gabag pêthukane | yeka wadana gunung | Radèn Citrapradata nami | rumanti nganti karya | saprikancanipun | Kabupatèn Karanganyar | anggêntosi ampilan kaprabon sami | kang saking jroning praja ||

21. nging jêng gusti pangeran dipati | datan karsa ngèndêlkên wahana | lajêng wau ing lampahe | kunêng ta kang winuwus | Dyan Mas Arya Sêbrata nguni | lawan sakondhangira | wus kalilan wangsul | tan winarna anèng marga | amangsuli jêng gusti pangran dipati | tantara sampun prapta ||

22. Karanganyar ing nalika wanci | pukul sanga antaraning surya | samana kèndêl lampahe | ing ngriku gya pinêthuk | asistène ing Wanagiri | Pan Ordhên namanira | nuju [nu...]

--- 195 ---

[...ju] wontên ngriku | tumut mriksani pradata | manambrama mring wau kang sami prapti | lênggah anèng pandhapa ||

23. kinurmatan ing gôngsa angrangin | saanane pantês tan kuciwa | kapiyarsa nêngsêmake | miwah sugatanipun | gung lumintu ganti-gumanti | sabên panti rinêngga | asri yèn dinulu | winangun saananira | amarnani lêlangse linusir-lungsir[3] | wastradi warna tiga ||

24. gêdhah seta rêkta ngrêspatèni | sinangsaya bêbuntaling patra | tumangkar mêkar sêkare | palêngkung dêling wulung | jêng-ajêngan umanjing margi | ingapit dwaja panjang | bêbanjêngan munggul | panjrah ing lêlayu pindha | sambartaka tumêkèng marga marapit | minôngka panêmbrama ||

25. mring pra gusti kang sami ningali | uparêngga rakiting sasana | mangkana ta sêsampune | sunggata praptanipun | wedang-wedang minuman sami | samana sang iswara | asasmitèng wadu | tanggap saratining rata | gya umajêng mring ngajêngan sampun prapti | pangirid [pangi...]

--- 196 ---

[...rid] kuda rêkta ||

26. kapat pisan sami tanah Sidni | sanalika kangjêng sang iswara | kêbut budhal sawadyane | Pan Ordhên gya tinuduh | umiring mor sarata ngarsi | langsir catur ingarsa | kang garubyug pungkur | turôngga awarna-warna | kanthanira katingalan saking têbih | lir srinata pêpara ||

2. Sinom

1. tan alon ing lampahira | ngambah radinan waradin | punika iyasanira | jêng gusti pangran dipati | ping catur kang mandhiri | marmanta iyasèng ngriku | dene margi kang lama | sakalangkung saking rumpil | nut sasêngkaning ardi kèh kang pêparang ||

2. padhas pêpadhane sela | tan sêla pipit marapit | sinampêt gung ingampatan | prandene mêksa mandhêlis | dumadya ing samangkin | jêng gusti ing karsanipun | mahyasa kang radinan | salère lawan kang lami | pinrih aywa sangsaraning lumaksana ||

3. kunêng wau lampahira | rikating carita prapti | madyaning bêbulak [bêbu...]

--- 197 ---

[...lak] tawang | wontên kang cêcadhang margi | Tuwan Kiliyan nami | ing Banyak dènnya dêdunung | kayungyun ngayubagya | mring wong agung kang cangkrami | marma karya têtarub sakadarira ||

4. lêlayu tuwin bandera | palêngkung nglangkahi margi | binulêt bêbuntal patra | patrape nyêkar sinuji | jêjênêng tan rinuji | rêsik pasawanganipun | mangkana rawuhira | residhèn lawan jêng gusti | Tuwan Kliyan gya mêthuk rèh gurawalan ||

5. sumungsung asung sambrama | raharja rawuhing gusti | lan para tamu sadaya | sarampungira sêsanti | sacaraning aprapti | tandya saos asêsugun | sunggata kang minuman | sapanyê[4] minôngka saksi | kayêktène sumungku sungkêming prana ||

6. ing angga rèhning kabawah | rampunging sunggata nuli | sami pamit têtabean | pra tuwan lan para gusti | nitih rata tumuli | sinêrêg turôngga mamprung | tan antara katingal | padhusunan Tawangasri | sinung wisma môngka pakèndêlan [pakèndêla...]

--- 198 ---

[...n] rata ||

7. rontèk rantap kawistara | saantaranirèng margi | ngêngrêng saliring rêrênggan | kawuryan sangkaning têbih | ing têba saksat kadi | kaluwung barung manawung | sapraptanirèng kana | wong agung nulya ngèndêli | saking rata tumêdhak gya sinewaka ||

8. munggwing tarub wêwangunan | siniwèng wadya kang sami | umiring saananira | wau sauruting margi | tuwin ta ingkang saking | Karangpandhan wadya mêthuk | Panèwu Pôncarêja | sapanêkarira sami | Karangpandhan rumanti nganti nèng kana ||

9. kanthi wadya patuh désa | dêmang rôngga myang patinggi | samapta mawa turôngga | gilir sami ngampil-ampil | ampilan saking nagri | upacaraning kaprabun | myang wadya wimbasara | ingkang badhe anjajari | wus pinatah ngarsaning rata tan têbah ||

10. sakawan mawa bandera | mangkana rata gumanti | pangirid turôngga krêsna | kapat sami saking Sidni | sêsampuning miranti | datan dangu bidhalipun |

--- 199 ---

tan owah lampahira | amung wadya ingkang saking | Karanganyar kalilan wangsul sadaya ||

11. wadya saking Pandhanpura | garubyug wênèh jajari | ing wanci pukul sadasa | kikising gumawang prapti | rakiting upakardi | asri kawuryan wèh yungyun | wau sarawuhira | wong agung dipun urmati | munggang ngangkang mariyêm sangang rambahan ||

12. yeka pakurmatanira | Tuwan Dhabu kang pêpanti | dhusun kitha Kuwadungan | mangkana kang para gusti | lan para tuwan tami | kèndêl ing ngriku cumundhuk | dyan wau têtabean | rampung ingacaran sami | lêlênggahan sinunggata num-inuman ||

13. binoja pinarikrama | sinawung ing sabda manis | tumrah sumrambahing wadya | supênuh tan nguciwani | tantara asêsanti | angunjuk wilujêngipun | wong agung ingkang samya | karsa lêlana ningali | kalangênan sukuning ardi Dumilah ||

14. sawusira kinurmatan | jêng gusti pangran dipati | myang residhèn gya pamitan |

--- 200 ---

bodhol ingurmatan dening | munggang wor gôngsa atri | mariyêm munya gumuntur | warnanên Pandhanpura | pra wadya kang amiranti | dupi myarsa swaraning mariyêm munya ||

15. busêkan usrêk kang janma | wor bêkèring turônggatri | kambah-kambah ingkang wadya | prapta badhe aningali | rawuhe kangjêng gusti | jibêk têpining margagung | tan antara katingal | jajaraning rata ngarsi | mawa dwaja: kumêlap lir pritanjala ||

16. sêsêg kang sami mariksa | rêbut ngarsa kang ningali | lanang wadon mawurahan | asora swara gumriwis | mangkana kangjêng gusti | lampahira sampun rawuh | ing pasar Pandhanpura | gègère anggêgêtêri | saking sami sêmune sêngsêm mariksa ||

17. wong agung ingkang lêlana | lêlangên ing Lawu ardi | nitih rata pinandara | ing wadya saurut margi | samana para gusti | lan pra tuwan kang tinamu | akampir lêlênggahan | ing papan kang wus miranti | sabên-sabên dadya tarub pakèndêlan ||

18. asri uparêngganira |

--- 201 ---

munggul balemangu mrêgil | kinêbon binalekambang | kinubêng ing taru rêsmi | sakèhe sarwa sari | pinot-pinèt pênêtipun | tanêman warna-warna | kobis boncis kara kapri | ambaranang kang hèr bèi abra sinang ||

19. pêpak saliring sayuran | ananging datan winilis | cinêndhak ing kandhanira | mangsuli kalanta nguni | rawuhira jêng gusti | pinêthuk ing putranipun | Jêng Pangran Gôndatmaja | lawan Tuwan Pogêl nênggih | upsêtraktur sinung rèh tanah Kaduwang ||

20. lawan wontên tuwan-tuwan | bangsaning Walandi prêsil | ingkang nyêpêng ing Gadhungan | anama Tuwan Pan Dhêrpit | lan Tuwan Harlop nênggih | ing Kumuning wismanipun | samya mêthuk nambrama | jêng pangran kang ngacarani | asêsambèn rumanti ngrukti sunggata ||

21. pra wadya kang nambut karya | satataning para tami | inuman mawarna-warna | ing wadhah sarwa gumrining | sagunging para gusti | pra samya karênan ngunjuk | saliring [salir...]

--- 202 ---

[...ing] pasugatan | tanpa kuciwa sadêmi | praptèng môngsa têngange ing wancinira ||

22. marpat rata ngabyantara | apangirid satus janmi | jumbuh warnaning busana | ikêt wulung mawa caping | pinulas mêlês langking | rasukan kuthungan wulung | tinêpi wastra jingga | sabuk kêthelan ngalinthing | bêbêdane jinigrang wangun cincingan ||

23. tur bathikan latar krêsna | obyong saruwale kèksi | gêdhah tinêpi ing rêkta | tinon sing mandrawa kadi | jingga lir wora-wari | mangkana wau wong agung | ngacari para tuwan | sumêngka agraning wukir | nitih rata rantap pangiriding ngarsa ||

24. sagunging kang upacara | ulêse wus dèn rucati | ngiring ngurung-urung rata | arampak rêmpêg lumaris | sadaya para tami | sami nitih ratanipun | amung sang narpatmaja | katiga nitih turanggi | kawangkungên ing tyas dangu anèng rata ||

25. Jêng Pangeran Prangwadana | dumadya kèlu umiring | saari tuwin kang

--- 203 ---

raka | samyamong mundhut turanggi | mangkana kang lumaris | aris myat rarasing ênu | langkung asri kawuryan | rakiting pangupa kardi | margi agêng anggênggêng banderanira ||

26. turut tirahing aldaka | sêsêngkan sinung kêpering | ing ngajêng joging jêjurang | mêne pinapar pinlimping | ampatan pinaradin | ing têpi tarap tinurus | rêgulo seta rêkta | sêla sêsêlinging sari | pinarigi arêgêng sinung bandera ||

27. lêlayu lawan kakôndha | andhêndhêng saengga kadi | rakite pura pêpara | palêngkung kang ngongkang margi | rinênggèng sarwa sari | binuntal-buntal malêngkung | kongkale sawatara | kasiliring marutaris | taru kentar tabêt gandanira kongas ||

28. dumadya kèh kang brêmara | mara marang goning sari | sarana ambarung swara | abra ambêrngêngêng kadi | maharsi asêsanti | sarawuhira wong agung | agraning Pandhanpura | pinaripurna sarwasri | panti-panti ing têpi tinrapan wastra ||

--- 204 ---

29. winarna ciri martiga | gêdhah rêkta seta kèksi | saengga tejaning tirta | umentar atur pêpuji | arjaning kangjêng gusti | tanapi ingkang tinamu | marma nalikanira | rawuh graning Pandhanpuri | para putra satêmah sami asmara ||

3. Asmaradana

1. sarawuhira jêng gusti | praptèng madyaning gapura | kinurmatan gôngsa rame | pelog salendro kalawan | Carabalèn myang Monggang | sinarawung barung umyung | mawor garêdêging rata ||

2. myang swaraning turôngga ngrik | kadya giri gara-gara | gumêr gumêrah swarane | pangiriding rata janma | rantapan kawistara | lumaju lajêng jumujug | sangajênging pasanggrahan ||

3. jêng tuwan residhèn aglis | umandhap saking wahana | alon wau ing tindake | mring pataraning pandhapa | kanthèn lan sang iswara | pra tamu sami dumulur | lumêbèng jro pasanggrahan ||

4. lajêng pra samya ningali | rakit rekaning suyasa | sumawana rêrênggane |

--- 205 ---

apèni-pèni maneka | sarwadi sarwa listya | sêmbadane kang mêmatut | patrape kang ngupakara ||

5. karênan ingkang ningali | jêng tuwan residhèn lawan | Tuwan Nowi lan malihe | asistèn ing Wanaarga | nèng ngriku pondhokira | sowang-sowang kamaripun | sampat srining uparêngga ||

6. cinarita kangjêng gusti | tindak anganthi kang putra | atmajendra katigane | pinirsakkên pondhokira | ing prênah tan akiwa | wingking pasanggrahan agung | sinung wisma jêng-ajêngan ||

7. têpang lataring capuri | kang kidul prathisthanira | Pangran Bèi pakuwone | lan kalih pra arinira | sawusira mariksa | papan pasanggrahanipun | gya sami dhèrèk kang uwa ||

8. jêng gusti pangran dipati | tindak pasanggrahan wetan | yeka sabên pakuwone | rawuh kinurmatan gôngsa | kang gêndhing puspawarna | sêndhon sêsindhenan barung | ringgit katri nut [nu...]

--- 206 ---

[...t] irama ||

9. mlêbêt lajêng mariksani | uparêngganing suyasa | sumawana pakuwone | kang para putra sadaya | kang pantês tan kuciwa | rampunging pamirsanipun | gya miyos lêngga[5] mandhapa ||

10. kangjêng Pangeran Ngabèi | myang ari kalih tan têbah | lan kang uwa pilênggahe | tuwin pra putra santana | sami sumiwèng ngarsa | nèng ngriku datan adangu | gya tindak pakuwon ngarsa ||

11. lênggahan sajroning loji | ambajêng[6] pra tuwan-tuwan | lan para gusti jèjère | tan dangu saosan prapta | wedang tèh tuwin kahwa | gya larih midêr tumuntur | sumrambah ring para wadya ||

12. kawratan têkan pakathik | sêsambêring andrawina | mawantu-wantu praptane | sunggata maneka warna | kang adi-adi ana | tan akêndhat dhatêngipun | sumalin-salin sumêla ||

13. lêlênggahan sawatawis | lajêng sami jaga-jaga | tumingal sawêwêngkone | wana arga desa-desa | kinèkêr [ki...]

--- 207 ---

[...nèkêr] kawistara | lêngkèh lukiking gêgunung | myang jurang-jurang pêparang ||

14. parang rongkang curi-curi | rêrèjèng kajogan tirta | sumorot kênèng sunare | surya lumèng sing akasa | kasaru praptanira | residhèn nagri Madiun | Tuwan Pèsêr asmanira ||

15. saha pra tuwan kêkalih | Goalsêkil kang satunggal | asistèn ing Magêtane | Tuwan Glimê satunggalnya | kontrolir kang pilênggah | kanthi Bupati Madiun | Tumênggung Sasradiningrat ||

16. tuwin Dyan Mas Adipati | Magêtan Suradiningrat | kang dhèrèkkên ing lampahe | Jêng Pangran Gôndasaputra | lan Dyan Mas Wirasmara | kanthi adminisêtratur | Tuwan Pêlo namanira ||

17. ing Srikaton kang jagèni | saha sarerehanira | langsir papat pangarsane | sami anumpak turôngga | kang grêbyêg mantri desa | dalasan patingginipun | praptèng palataran wetan ||

--- 208 ---

18. pan sami umandhap saking | turôngga gya têtabean | bage-binage rawuhe | lan pra tamu tuwan-tuwan | tumulya lêlênggahan | sajroning pakuwon agung | sinugata num-inuman ||

19. watara wanci jam kalih | prasamya lêkas bujana | kêmbul sakêmeja gone | nutug dènnya andrawina | sinêlan imbal sabda | dangu ing antaranipun | luware wong agung sigra ||

20. pamit mring rêsdhèn kêkalih | tuwin para tuwan-tuwan | kondur marang pakuwone | pra gusti saananira | sawusing têtabean | dan sami makuwon sampun | nahên ta ingkang winarna ||

21. sutendra taruna kalih | pamitan dhatêng kang uwa | badhe mirsani rakite | ing bukit tirta nirmala |[7] jêng gusti sukèng driya | amiji

--- 209 ---

mring putranipun | Jêng Pangran Dayakusuma ||

22. dinuk ing sabda tinuding | among umiringa marang | narendra putra kalihe | sinung kanthi mantri desa | aran Pôncagêrjita | sabawah panêkaripun | lan nganggoa wimbasara ||

23. kapat tindhihe patinggi | kang putra matur sandika | kunêng wau ta praptane | wanci patêmbayanira | têdhake rajaputra | têtiga wus samya ngumpul | nèng pakuwon ing Ngabeyan ||

24. pra wadya wus amiranti | samapta mawa turôngga | narendratmaja nulyage | tindak dinuluring wadya | Pangran Dayakusuma | kang môngka pamonging laku | tansah cakêt wawan sabda ||

25. jajaran langsir pangarsi | naracak turangganira | kêmbaran bopong ulêse | wau pra gusti têtiga | lampahirèng samarga | tansah lon-lonan kadulu | lêlangên lir alêlana ||

26. samarga-marga ningali | aldaka kang kawistara | ing ênu saantarane | mawarna

--- 210 ---

sêsêngkanira | sawênèh ana arga | tan agêng granira munggul | grêmbêling grumbul kapirsa ||

27. lir gambar cinawi rêmit | rêmu rawat sumamburat | kasiratan ing sorote | surya lumarap ngancala | imbanging arga ana | imalaya amanawung | sinawung ing jaladara ||

28. kapraban wimbaning rawi | sumunar mahasmu jênar | tumeja-teja ujunge | kèksi isthaning prabata | kadya tur panambrama | mring sang katêmbèn andulu | kunêng ta glis praptanira ||

29. ing tirta nirmala wukir | samapta pakuwonira | rakit sauparênggane | palêngkunge ngongkang marga | rinênggèng buntal patra | sinangsayèng taru-taru | tarup têtuwuhanira ||

30. kadya dhepoking maharsi | pasang rakiting suyasa | kinubêng wukir kikise | sukèng tyas satriya tiga | sigra sami mariksa | kaananing ranu-ranu | kagambuh karya usada ||

4. Gambuh

1. purwane kang jinujug | garojogan [garo...]

--- 211 ---

[...jogan] kang nywara gumrujug | lajêng anjog kajogan ujunging wukir | tinaru-taru tinarup | kinubêng-kubêng kinêbon ||

2. umêdal udalipun | santêr sumêntor tirta lumuntur | yèku môngka pasiramaning pra gusti | kinrobong ing wastra pingul | jro jrambah tinrapan êtong ||

3. kumrêcêk kumarucuk | kawikanan ingkang apakantuk | yèn kinarya siram sabên bangun enjing | wèh kyating angga sawêgung | bêbayu pêgêling boyok ||

4. kalamun kêrêp kungkum | balung sungsum sami sêmu tuntum | kêngkêng kiyat ruwat mêmalaning dhiri | larut saliring ngrês linu | barêgas ringase katon ||

5. puniku kandhanipun | kang rumêksa sêndhang kyai dhukun | gusti katri sukèng tyas dèn wursitani | anulya tindak tumurun | anjog dhatêng tirta mandos ||

6. wontên ronge kang sirung | tur gumlêdhêg swaranira umung | toyanira katon cêmêng angêlangit | malênthuk wijiling

--- 212 ---

unthuk | rambasing rêmbês tanpa rob ||

7. ing ngriku rôngga dhusun | ingkang jagi samapta gènipun | amiranti obor tuwin ayam alit | kinarya andadar banyu | kamandène kang sayêktos ||

8. ayam kang sinarimpung | pinarakkên ing pipi rong sirung | sanalika kênèng hawaning kang warih | lês anglês jiwangganipun | kêdhap idhêpe kalêson ||

9. ngalumpruk kadi kapuk | gya ngombenan toya tawa tuwuk | silir-silir kasilir nulya ngalilir | pucêting cêcènggèr wutuh | lir ing nguni nulya pêtok ||

10. pinindho pining têlu | tuhu kadi nalika puniku | sukèng driya satriya katri ningali | tumulya malih amundhut | pratôndha kang saking obor ||

11. sinulêd latu murub | pinêrakkên sanalika surud | dupi pinèt tinêbihkên mulad malih | malah ta kadya dinamu | kumantar-kantar mancorong ||

12. pra gusti sukèng kalbu | myat mubyaring obor tan tinunu |

--- 213 ---

anuhoni kontap tibaning pawarti | titikaning para catur | kang lumantar mring kadhaton ||

13. anulya tumaruntun | tumurun jro mring tirta si dhukun | sêndhang kalih kinulah tur pinarigi | bundêr kèdêran kang ranu | udaling tirta tan anggop ||

14. tur wêning umbulipun | kacarita sêndhang kalihipun | tatal lamun kinarya usada sakit | barah rambat katrap bubul | waluya yèn kinum kono ||

15. satriya katri sampun | umariksa kang sêndhang sadarum | sigra kondur dinulur ing para dasih | kadya duk ing tindakipun | kunêng ganti cinariyos ||

16. wau sapungkuripun | gusti katri wontên kang anusul | iswaratma Pangran Gôndatmaja nanging | mung lancaran tindakipun | nitih turôngga bêsaos ||

17. tan têbah gya kêpêthuk | lan kang kondur samana wus cundhuk | wusnya bage-binage arjaning margi | jêng pangran umiring wangsul | kondur dhatêng ing pakuwon ||

--- 214 ---

18. kunêng rèhirèng ênu | sêtêngah nêm sampun praptèng Kuwu | adan sami sumiwèng mring Kangjêng Gusti | mung sakêdhap nuntên kondur | sowang-sowang sami ngaso ||

19. praptane pukul pitu | wus marêpat sagunging pra tamu | kangjêng gusti tindak mring sanggrahèng loji | lêlênggahan galdri ngayun | ingkang umajêng mangulon ||

20. antara pukul wolu | kalangênan ingkang sêkar latu | kang tumingal lanang wadon tarap pipit | tata kubêng kalang têpung | tumpa-tumpa kang nênonton ||

21. gumrênggêng gumarumung | gumêr-gumrah gumarêmêng umung | linêkasan wêkas lèr kang sêkar api | drêsing srèng saengga jawuh | wimbuh barondonging êlong ||

22. binarung saking kidul | srèng andêdêl anggayuh mandhuwur | têkèng luhur mêkar tumangkar mawarni | abang biru tuwin pingul | gumêr suraking wong nonton ||

23. sawênèh janma dhusun | kang kêtiban gronjal kagum-kagum | ingkang pêrak kaparak [kapara...]

--- 215 ---

[...k] ing agni ngisis | sinurak saking lor kidul | rame swaranira mawor ||

24. pradôngga amangungkung | slêbêganing kêbogiro barung | barêng gôngsa kalênengan munggwing ngarsi | sinênggrang pêpathêtipun | cêp mênêng swaraning uwong ||

25. ginantyan wêdalipun | layangan ting andêdêl mandhuwur | kang tumingal akêplok surak swaratri | kang adoh kumêdah dulu | mènèk wit pucung andongong ||

5. Pocung

1. kang andulu surake mawantu-wantu | sawusira têlas | kalangênan kang kaèksi | salin gêlar tandya lêkas langên swara ||

2. kang ngêngidung tindak-tanduke tan kadung | awilêt lêmbatan | datan kewran mring rêrawit | kadi suling dumêling like mêmêla ||

3. dhasar arum saplak rêsmining raras rum | rumarah ing gita | ginanti cengkok ngrêrêngih | tistis sunya tan ana sora sabawa ||

4. tarlèn amung mirêngkên kang tansah mêlung | lir mêmêling marang | pra taruna kang winasis | têmbang-têmbang [tê...]

--- 216 ---

[...mbang-têmbang] tumibèng tibaning gôngsa ||

5. rêrawi jung awijang wêdharing kidung | rêpène ngrêrêpa | pangrapu rêmpuning galih | ngayuh driya mring sagung ingkang miyarsa ||

6. tan adangu gya sami tindak malêbu | jroning pambujanan | lênggah banjêng para gusti | atanapi pra tuwan-tuwan sadaya ||

7. wantu-wantu sunggata prapta lumintu | sêling juk-unjukan | tan sêla salin-sumalin | kang surasa di-adi doh sangkanira ||

8. sru kayungyun kang prapta saking Madiun | sèwu tan anyipta | sakêthi datan andugi | lamun manggih sarwa kadi jroning praja ||

9. kongsi dangu dènira bojana wau | ngiras pagunêman | pranatan kang wus pinasthi | karsanira residhèn ing Surakarta ||

10. tindakipun benjang-enjang wanci bangun | kampir ing Gadhungan | lajêng anjog Tubagiri | kèndêl Sukuh mriksani candhi pancaka ||

11. yèn wus rampung gya têrus margi sêmpurung | jêng gusti ngandika | sakalangkung [sakalang...]

--- 217 ---

[...kung] nyuwawèni | amung kula trus saking ngriki kewala ||

12. lan pra tamu kang andhèrèk mêdal ngriku | amung putra kula | sutendra Pangran Ngabèi | sakadange kêdah andhèrèk paduka ||

13. Pangran Prabu Prangwadana kanthinipun | de pamonging lampah | sutendra pangeran kalih | putra kula Pangeran Dayakusuma ||

14. risdhèn manggut pangèsthining driya pagut | lawan karsanira | jêng gusti pangran dipati | gya luparan[8] dènira sami dhaharan ||

15. mung sapangu pinarakan anèng ngriku | jêng gusti sapala | têtabean minta pamit | para jawi sami umiring sadaya ||

16. praptèng Kuwu sinewakèng para sunu | sutendra têtiga | jajar lan kang wa marapit | Dyan Dipati Madiun lan ing Magêtan ||

17. munggèng ngayun jajar wau lênggahipun | lawan para putra | ing Mangkunagaran tuwin | kang winrêdha Sang Nararya Brajanata ||

18. tan adangu midêr kang larih mawantu | lêlangên suwara |

--- 218 ---

linuding sêsêndhon gêndhing | sinênggakan badhut lawan cêcengkokan ||

19. para tamu myarsa Ni Mbok Arumdalu | dènnya lagu swara | rênyah alus gilig mêthit | amêmêthêt wilêt sajak pasisiran ||

20. datan lugu mung mirip pacaking laku | lageyaning gita | imbal kalawan pun gadhing | nora gandhang gêndhènge wilêt pasaja ||

21. gêndhingipun pêpêthikan saking kidung | mula-mulanira | tèmbang macapat kinanthi | jinangkêpan kêthuk pat lakuning kêndhang ||

22. para badhut kêplok alot manggut-manggut | eca cêcêngkengan | jênak tyase para tami | nging kasaru ing wanci pan sampun môngsa ||

23. lingsir dalu jêng gusti sasmitèng wadu | tanggap pra niyaga | anyênggrang sêsêndhon nami | Sastradatan lajêng dhawah yak-ayakan ||

24. sigra kondur pra tamu mêndhêg tumuntur | mentar sêsowangan | mring kuwunira pribadi | kunêng ratri kawuwusa wanci enjang || [|...]

--- 219 ---

[...|]

25. janma umung kang rumanti karyanipun | kuda tuwin rata | rakiting pêpara mranti | gumarêdêg marpak munggèng palataran ||

26. dyan wong agung ngumpul mring loji sawêgung | Risdhèn Surakarta | pamit tindak ngrumiyini | nitih kuda mudhun ngalèr lampahira ||

27. kang garubyug para pulisi gumrudug | gumrêdêg kalampah | langsir catur munggèng ngarsi | sigêg gantya ingkang kawursitèng kôndha ||

28. ingkang manggung maksih nèng pakuwonipun | jêng gusti kalawan | Residhèn Madiun tuwin | kang kinanthi Dipati Suradiningrat ||

6. Kinanthi

1. kang kinèn sami tumuntur | atmajanira Jêng Gusti | Pangeran Gôndaatmaja | lan kang êyang kang wêwangi | Arya Brajanata lawan | Wiraasmara sumiwi ||

2. turôngga rata wus ngumpul | pinrênah plataran ngarsi | wimbasara sikêp dwaja | ingkang badhe anjajari | ampilan wus ngapit rata | rantap pangiride kèksi ||

--- 220 ---

3. satus janma ngajêng pungkur | gumrah swaranira atri | tan antara sang iswara | bidhal kinurmatan dening | pradôngga barung sauran | sora swara gêgêtêri ||

4. lumampah tirah ing gunung | pinapar lêmpar waradin | radinan nikung mangetan | ngampat ngampar sapanginggil | pinggir pinarigi sela | tan sêla rampak marapit ||

5. anjog jurang Seladhukun | siluk bambing sêmu miring | têkèng watês Selasambang | nut imbang malih malipir | lêmpêr lampahe kang rata | datan antara kaèksi ||

6. asri katon kanthanipun | rantap rontèke marapit | kumrap linuding maruta | mirut ing rèh maratani | kadi panjrahing puspita | tumular[9] nêdhêng ngalilir ||

7. linut jaladara têdhuh | praptane mariris aris | mangkana ta lampahira | wong agung kang sampun prapti | gapuraning pacangkraman | pinalêngkung jajar kalih ||

8. urmat kang pradôngga barung | pelog slendro Carabali |

--- 221 ---

awor pangriking turôngga | pating balêkêr kapyarsi | srawungan swaraning janma | wurahan arsa ningali ||

9. rawuh pasanggrahan agung | anggênggêng saengga nagri | rinakit pura pêpara | sangkêp suyasaning ardi | mangilèn ing ajêngira | mangku arga mudhun ardi ||

10. gênêngan guh ana gunung | bawera panduk ing ngaksi | gêgêr pagêr kawistara | watêsing gapura panti | wisma catur bêbanjêngan | jinèjèr ing ngajêng wingking ||

11. pagut èmpèring bêbatur | gêndhèng payone gumrining | ing ngarsa ngiras pandhapa | tuwin suyasa ing wingking | kang têngah kinamar-kamar | môngka unggyaning pra tami ||

12. asri uparêngganipun | pinatut patraping panti | pantês goning lêlêsonan | rêsmining sarwa wêwangi | lumrang gandaning kusuma | winor ing jêbad kasturi ||

13. èmpèr ngarsa pisan sinung | payon galnisir sinami | saka tosan tur santosa | watês blandaring taritis |

--- 222 ---

rinênggèng pot sêsêkaran | tumangkar mêkar gôndamrik ||

14. pinlêstèr lir jobin pingul | kajogan ngajêng pandhapi | binêdhah môngka wiwara | jajar katri cinèt wilis | sinami lawan candhela | pêpanilan pinalipit ||

15. bulêt dhêdhasar piningul | palanging têbêng ingukir | pindha jêmparing tumama | tumancêp turut ing pinggir | lêlongkanging kalowongan | ngaluwêng mubêng ngawêngi ||

16. bundêr pinindha sitangsu | umimba katon sapalih | nêb-inêb karepyak rinam | jinumbuh rêngganing sungging | wisma gêng-agêng minôngka | lêlênggahaning pra gusti ||

17. sinung rêsban kursi bangku | minuman mawarni-warni | suyasa kang wuri pisan | piranti goning sêsaji | sajèn rakiting sunggata | di-adi sarwa mêpêki ||

18. anjog ing kajogan pungkur | manguntur mijil sing galdri | pinayon kampung lajuran | têrus mring patirtan wingking | lèr kidul sinung rêrênggan | wisma kampung

--- 223 ---

amarapit ||

19. kang kidul panggenanipun | koki tukang lampu tuwin | pra wadya suba pandaya | godhag wontên wisma malih | mujur mangalèr minôngka | pondhokaning kênèk kusir ||

20. lêt patirtan kang lèr sinung | wisma wangun kampung Bali | balungan balok balaka | ing ngajêng pinagêr ruji | punika pakuwonira | sagunging kang para siwi ||

21. sadasa pas longkangipun | sinung wisma kampung malih | mujur mangilèn naratas | punika ingkang kinardi | patêngganing kalawija | myang santana kang umiring ||

22. kang cakêt pakuwon agung | kinarya goning parabdi | kang sami saos busana | mrih enggale yèn rumanti | lêt pagêring patamanan | ingapit wismagêng kalih ||

23. sami ngilèn ajêngipun | kêmbar rekane kang panti | galnisir taratagira | jinumbuh ing ngajêng wingking | ingkang lèr pakuwonira | jêng gusti pangran dipati ||

24. lan putra jêng pangran prabu | kang kidul pancèn [pa...]

--- 224 ---

[...ncèn] kinardi | pakuwon sang narpatmaja | lawan kang rayi kêkalih | rinêngga ing kêmbang-kêmbang | kinubêng ing taru rêsmi ||

25. sarwasri tanêmanipun | pinagêr ing pancaksuji | prabusèt mênur sridênta | sêkar dangan widasari | saruni lan sumarsana | sumêr gandanira amrik ||

26. puspitanjrah nuksmèng taru | tarap turuting taritis | tinarutus ing brêmara | mara murih goning sari | sarana nandi nèng patra | patraping rèh amarsudi ||

27. rumambat mring pang tumiyung | brangêngêng karêngya kadi | dwijawara mêsu brata | matêk mantrane sêmadi | kasiliring samirana | kokaling satpada ngrêngih ||

28. kèh warnane taru-taru | ingkang tumaruna sami | sêmi sêmune ngrêmbaka | sakubênging wukir-wukir | kanan kèring wuri ngarsa | tan pêgat tinruh ing warih ||

7. Mêgatruh

1. kêbon wingking sinung wisma mujur ngidul | jêng-ajêngan tundha kalih | ginuthêg godhagan têpung | minôngka gèning turanggi | winayu [wina...]

--- 225 ---

[...yu] kambêngan ayom ||

2. sinung marga agêng mring pakuwon agung | anggênggêng kang wancaksuji | anaman ing dêling wulung | madyaning kêstal sinung ting | kêpering têmbing kang êlor ||

3. saking ngriku arga Dumilah kadulu | sawêngkèning têpis iring | parang rong kang sirung-sirung | siluk-siluk sungil-sungil | taru ayom angarongkop ||

4. duk kèdêran jaladara angêndhanu | alamat limut kaèksi | pak-ampak prapta manaput | sampat kongsi saput siti | datan antara tan katon ||

5. sigêg gantya rêngganing pakuwon agung | kawuwusa kang lumaris | ngalèr ngetan marganipun | jêng tuwan residhèn tuwin | tuwan-tuwan sampun rawoh ||

6. sapinggiring lèpèn Dimara pinêthuk | Tuwan Pan Dhêpit lan malih | Tuwan Harlop kanthinipun | wontên saêlèring kali | myang langsir tri dasa kang wong ||

7. dupi sami mandhap sing turangganipun | ganti nitih tandhu

--- 226 ---

kursi | narakarya kang amikul | rôngga dêmang kang jagèni | lampahira kinèn alon ||

8. awit lèpèn kèh watune lunyu-lunyu | lêlumutên kanyut dening | wantêring tirta lumuntur | kang lumantar saking wukir | ing sabrang lèr dupi rawoh ||

9. têtabean lan tuwan kalih kang mêthuk | rampung gya anitih malih | turôngga dan budhal kêbut | tan kêbat dènnya lumaris | ningali ardi kang katon ||

10. myang jêjurang pêparang kang sirung-sirung | kang pêrak marga marapit | kunêng pakèwêd ing ênu | ing Gadhungan sampun prapti | kinurmatan gôngsa pelog ||

11. ingacaran sami lênggah kursi têpung | sinunggata wedang tuwin | minuman tumrah tumruntun | sêlingan salin-sumalin | mya[10] sêsêgahan tan anggop ||

12. tan adangu dènira kampir ing ngriku | jêng tuwan residhèn aglis | têtabean arsa laju | lajêng mring dhusun Kumuning | tan antara sami bodhol ||

13. kinurmatan [ki...]

--- 227 ---

[...nurmatan] kadi duk ing rawuhipun | pangarsa langsir tan têbih | ing marga datan winuwus | sarawuhirèng Kumuning | urmat gêndhing jangkrikgenggong ||

14. Nyonyah Harlop gurawalan rèh amêthuk | kusung-kusung ngacarani | sadaya kang sami rawuh | ingaturan malbèng loji | lênggahan sami karaos ||

15. sinunggata wedang minuman jumrunuh | dhaharan kang adi-adi | dahat panêmbramanipun | Nyonyah Harlop ing Kumuning | trampil tanggap ing paclathon ||

16. langkung rêna tamu ing sadayanipun | dangu antaraning wanci | duk arsa pamit kêsaru | praptaning riris tan aris | wor lesus mêsês sumêrot ||

17. kongsi dangu drêsing jawah wor lan bayu | dupi têkèng pukul kalih | kesisan ngisis kang mêndhung | sinrang maruta sumilir | kang kalingan sami katon ||

18. kangjêng tuwan rêsidhèn myang para tamu | têtabean minta pamit | mamèt srana mandanayu | kinurmatan [kinurmata...]

--- 228 ---

[...n] gôngsa muni | kadi kalanta duk rawoh ||

19. tindakira taruntunan tumaruntun | nut imbang bambing tumaping[11] | tinawang kang siluk-siluk | sêsungiling padhas sêngkil | kèh wrêksa labête kang sol ||

20. tan antara Tubagiri sampun rawuh | sêsêngkaning Sukuh prapti | rakiting marga manikung | nut pêpèrèng iring-iring | sarawuhirèng pakuwon ||

21. kinurmatan swaraning pradôngga umung | sukèng tyas wadya kang nganti | mring jêng tuwan rawuhipun | lajêng sami mariksani | candhi pancakaning layon ||

22. kori pisan kaèksi gapuranipun | sinung kang arca winarni | ing rêrekan baga purus | yeka sangkalanta nguni | kang candhi witira dados ||

23. minggah malih sumêngkèng gapura luhur | pancaka munggul kaèksi | panjrah kang arca kadulu | pinindha-pindha kang warni | pra jawata wingit tinon ||

24. wusnya rampung ningali candhi sawêgung | kèndêl ing pakuwon sami | bojana [bo...]

--- 229 ---

[...jana] saananipun | sarêng praptane kang riris | wor sindhungriwut sumêntor ||

25. ampak-ampak anampêk kongsi ngalimut | limêng katawêngan dening | jaladara midêr têpung | tumumpang ujunging wukir | ing wanci wus lingsir kulon ||

26. dadya dangu kapirangu samya ngrêmbug | golonging karsa wus gilig | lajêng badhe bodholipun | wit lamun katungkèng latri | matis-matistis kuwatos ||

27. kangjêng tuwan gya nitih turangganipun | pra tuwan lan para gusti | dumulur nuting lêlungur | tumurun mring jurang bambing | nut pêpèrèng nikung ngulon ||

28. lalu limut lêlamatan ing pêpêdhut | kadrêsan jawah ngin-angin | lidhah ilat thathit barung | gara-gara kèh dhatêngi | prabawa paragung rawoh ||

29. mawa têdhuh kaluwung ngawêng malêngkung | malang lir amêling margi | mangkana ta lampahipun | lambunging cêmpurung prapti | wijiling baskara katon ||

8. Mijil

1. ragi ngampat marga amalipir | lêmpêr [lê...]

--- 230 ---

[...mpêr] kongsi anjog | Samakade andêdêr lampahe | nging sêsêngkan tan sumêngka kadi | duk ing Tubagiri | kalawan ing Sukuh ||

2. wus kapungkur desa Samakadi | tan antara katon | pakuwon gung munggul banderane | asrêp ing tyas kang samya lumaris | samana kang wanci | andakara surup ||

3. kinurmatan kang pradôngga asri | swaranira mawor | pra turôngga kang prapta sakèhe | kangjêng gusti pangeran dipati | dangu dènnya nganti | nèng pakuwon agung ||

4. dupi rawuh kangjêng tuwan tuwin | tuwan-tuwan alon | mandhap saking turôngga tinampèn | para dêmang rôngga myang patinggi | jêng pangran dipati | têtabean mêthuk ||

5. anêmbrama raharjaning margi | ingacaran gupoh | mring pandhapa pinarakan andhèr | wawan sabda wartaning samargi | jêng gusti miyarsi | langkung dènnya ngungun ||

6. bingahing tyas dènira basuki | rawuh ing pakuwon | tan adangu luwaran sakèhe |

--- 231 ---

tuwan-tuwan tuwin para tami | sowang-sowang sami | mring pakuwonipun ||

7. tabuh sapta pra tamu wus sami | sowan mring pakuwon | loji ngajêng ajajar lênggahe | amung Kangjêng Pangeran Ngabèi | kang dèrèng sumiwi | lan sakadangipun ||

8. nulya kangjêng pangeran dipati | miji putra kinon | panggih lawan sutendra katrine | lamun sayah tan susah sumiwi | anglêrêmna sami | ing sariranipun ||

9. duta mêsat tan adangu prapti | sajroning pakuwon | cundhuk lawan kang rayi katrine | alon matur rèhirèng tinuding | Jêng Pangran Ngabèi | mèsêm sarwi matur ||

10. tan rêkaos raosing kang dhiri | myang botên kalêson | mangke kula sumewa èstune | duta raka kinèn ngrumiyini | sapungkure nuli | tumungka ing laku ||

11. Pangran Gôndaatmaja gya pamit | mijil sing pakuwon | dupi prapta alon ing ature | saliring rèh dènira tinuding | kang rama miyarsi | langkung

--- 232 ---

rênèng kalbu ||

12. tan adangu atmajendra katri | sumiwèng pakuwon | têtabean lan tuwan residhèn | ingacaran satata nèng kursi | sadangunya sami | tan lyan kang rinêmbug ||

13. dèniranggung sangsaranèng margi | ngambah jurang singgrong[12] | sumêngka ring paranging pêpèrèng | ngiring-iring tumawing ambambing | siluk-siluk sungil | watu-watu lunyu ||

14. tan lêstari lampahing turanggi | anggung kapalorot | kasarakat rongkap kêkambile | akèh tundhan tumundha matindhih | kandhêg dèn gondhèli | bagondhal gumandhul ||

15. samya ngungun kang dèn cariyosi | sukèsmu katonton | dene para wong agung têmahe | kataman ing sangsara samargi | tan antara wanci | mèh pukul sapuluh ||

16. gya bojana mring pandhapa wingking | andrawina kasok | rampung dhahar bubaran sakèhe | para tamu tanapi pra gusti | amakuwon sami | tan winarnèng dalu ||

17. bangun [bangu...]

--- 233 ---

[...n] enjing kang srigunting muni | tuwin paksi jodhog | sata wana njrit pating jagigrèg | myang kênthunging lêsung lamat têbih | binarung swaraning | kang jago kaluruk ||

18. ramya umyung swaraning rarywalit | arsa angon pêthok | marang kandhang agandhang swarane | sigra wadya kang badhe lêladi | ngalilir umijil | saking pondhokipun ||

19. bang-bang wetan mega malang kèksi | rumamyang sumorot | kaprabawan raditya sunare | narawungi langêning wiyati | kartika kalindhih | kucêm warnanipun ||

20. sirêm-surêm[13] taranggana tistis | kasor ingkang sorot | saput siti kawêkton wimbane | pêdhut dhêdhêt ampak-ampak prapti | pêtêng anglimputi | udayaning gunung ||

21. kawaratan ingkang ardi-ardi | mung grane kang katon | tan antara hyang rawi wijile | sumunar ing imbangirèng wukir | tôntra taru rêsmi | kang trêna ing gunung ||

22. usara byor kang nèng taru ruwit | kabaskaran [kabaskara...]

--- 234 ---

[...n] katon | lir sêsotya sumêbar isthane | angrênggani imbange kang wukir | nahan kang miranti | wrahatbala umung ||

23. abusêkan kasêsêg ing wanci | rakiting pirantos | marma gumrah gumuruh swarane | dan[14] sawega bageani karti | rata myang turanggi | wus pinarnah ngumpul ||

24. cakêt anèng ngajênging pandhapi | pangiride katon | satus janma mangkana wiyose | kangjêng gusti pangeran dipati | mring pakuwon loji | lawan para tamu ||

25. taman kêndhat sadhiyan kang prapti | tumrahe tan anggop | sawusira dhaharan sakèhe | Tuwan Residhèn Madiun tuwin | bupati kêkalih | lan asistènipun ||

26. tuwin tuwan kontrolir samya mit | mundur sing Srikaton | datan tumut dhèrèk sapuruge | wit kadangon dènnya tinggal nagri | bok kadukan dening | jêng tuwan guprênur ||

27. kangjêng gusti pangeran dipati | tan antara dhawoh | mring Dyan Bèi

--- 235 ---

Citrapradata ge | sarèhira padha ingsun tuding | umiringa maring | Residhèn Madiun ||

28. mung balia Seladhukun wukir | dan nusula mring ngong | iya marang ing Jumapalane | Dyan Ngabèi sandika umijil | jêng tuwan kang pamit | kantun angkatipun ||

29. tan winarna budhale jêng gusti | ingkang cinariyos | Tuwan Risdhèn Madiun angkate | tabah[15] sapta budhal dèn urmati | pradôngga swaratri | carabalèn umung ||

30. ngambah marga sakiduling wukir | lambunging Srikaton | trus mangetan gya nikung mangalèr | jog radinan ing Pancot manginggil | rikating lumaris | praptèng Seladhukun ||

31. sami kèndêl ngasoni turanggi | lênggahan pakuwon | kinurmatan pradôngga arame | mung sakêdhap tandya bidhal malih | kunêng kang lumaris | wau ta ing pungkur ||

9. Pangkur

1. Dyan Bèi Citrapradata | wangsul saha sakondhangira sami | rêrikatan lampahipun |

--- 236 ---

sigêgên ing samarga | gantya ingkang winursita kandhanipun | residhèn ing Surakarta | kang mangidul lan jêng gusti ||

2. sawadyabala gumêrah | nut têtirah tumêrah golong pipit | ampatan lambunging gunung | lêmpêr èmpèr paparan | iring-iring pinlimping sinung têtanggul | lêlêbak binêkan sela | sinalimut wêdhi krikil ||

3. mandhukul pinapar lêmpar | dadya lêmpêr têdhunan jurang gampimg | agampang tur sinung taru | andhêndhêng witing dhadhap | ronirayom mawèh ayêming wadya gung | nikung ngalèr jog ing arga | gugur gunung Jabalkanil ||

4. laju ngalèr ara-ara | abawera radinan awaradin | trus mangilèn lampahipun | rawuh dhusun Mutihan | wontên tarub kinarakab taru-taru | tiris sinangsayèng mayang | mung atêp payon gumrining ||

5. langse lêlungsiring wisma | paremudha jumbuh lan dwaja sami | palêngkung malang dalanggung | binulêt buntal patra | patrapira [patrapi...]

--- 237 ---

[...ra] lir nganti-anti wong agung | yeka pakurmatanira | Tuwan Robrêtdhabu nami ||

6. jêng gusti sarawuhira | lan residhèn tuwin kang para tami | ingurmatan gôngsa barung | mariyêm bal-ambalan | kaping sanga tinundha-tundha tumêdhuh | dhêndhêng kukusing sêndawa | kadya isma[16] nawung siti ||

7. Tuwan Dhabu ing Mutihan | dahat saking noraga dèn têdhaki | pra gusti sadayanipun | katuran lêlênggahan | munggèng tarub kajrambah ginlaran babut | sinugun sinungga-sungga | liningga-lingga dewaji ||

8. pinuji pinuja-puja | ing sunggata sarwadi sarwa rêsik | wèh rêsêping para wadu | ingkang sami tumingal | tan antara sami ingurmatan ngunjuk | sampanyê môngka pratôndha | sumungku sungkêm ing galih ||

9. mring tuwan residhèn lawan | kangjêng gusti pangeran adipati | sawusira sami ngunjuk | gya pamit têtabean | budhal umung urmatan munya abarung | mariyêm matundha-tundha | lumuntur [lumu...]

--- 238 ---

[...ntur] rèh gêgêtêri ||

10. kapungkur dhusun Mutihan | myang Koripan ing Karigêmbong[17] prapti | kèh wadya kang sami mêthuk | saking tanah Kobayan | sang iswara lêstari ing lampahipun | rawuh gudhang Jumapala | ing lampah pra samya kampir ||

11. mariksa pandayèng kahwa | kang binêbak sarana saking warih | pinrih umara maring mul | mulêg mêlak jinôntra | kênèng daya kongkaling untu lumuntur | mêdêd kang barunayantra | lir cakra katiyub ngangin ||

12. alu kongkal ing paekan | gya lumintu nutu gênti nibani | cangkoking kahwa umawut | karênan ingkang mulat | rampung sigra ngaso mring pakuwon agung | kaprênah kidul tan têbah | lawan mul kang dèn priksani ||

13. mangkana rêrêngganira | kang suyasa sauruting taritis | tinratas ing wastra alus | kinampu warna tiga | gêdhah seta rêkta winiru malêngkung | longkange sinung tuwuhan | pisang rosan tuwin cêngkir ||

14. winuwus [winuwu...]

--- 239 ---

[...s] sajroning wisma | wus gumêlar sadêhan amiranti | wedang minuman supênuh | tandya sami bojana | tan adangu lajêng bidhal lampahipun | andêdêr mung saonjotan | dungkap Jumapala prapti ||

15. gumlar rontèk lan bandera | amarêpak maripit margi tirip | tarap ingkang taru-taru | tiris lagya tumruna | bêbanjaran ambanjêng mujur mangidul | palêngkung lêlêng binuntal | patra-patrape maripit ||

16. ngalêmpit mulêt mring saka | sinukarta kakôndha jèjèr kalih | kalawan kang umbul-umbul | têtanggul tinancêban | ruji panjang pinalang ing dêling wulung | sinalimut ron rumamyang | sêlane sinêling-sêling ||

17. pustakane tiris jênar | sru sumunar rawe-rawe malipir | têkèng palêkung[18] ing ngayun | sinung tiyang bandera | agêng munggul kinubêngan ing têtanggul | tinanêman kalamênta | prak lan pagêring capuri ||

18. pradôngga tanggap umunya | buka pathêt manyura gêndhing

--- 240 ---

muni | puspawarna sindhèn barung | ringgit katri tan pêgat | liking suling tiniling mêmalat ing kung | lajêng sami lêlênggahan | pra tamu lan para gusti ||

19. tandya praptaning sunggata | kaldhu laju sumaos kangjêng gusti | tanapi kang para tamu | tumrah wandu-wandawa | andrawina winantu swara raras rum | rumaras srining kalangyan | sindhèn sêsêndhoning gêndhing ||

20. kunêng wau sanalika | Dyan Mas Wirasmara marêk mangarsi | mangwastuti gya umatur | dhuh gusti sang iswara | abdi tuwan juru panitik duk wau | suka uningèng kawula | yèn tanah druju kang wukir ||

21. wontên sima amêmôngsa | tinaliti labete kadi katri | singidan ing siluk-siluk | garumbul kang ngrêmbaka | mung kawan pal watawis ing têbihipun | ing papan tan patos gawat | pakèwêde mung sakêdhik ||

22. jêng tuwan risdhèn miyarsa | langkung suka ngandika mring jêng gusti | saudara lamun sarju | kula ing benjang enjang | kapiadrêng [ka...]

--- 241 ---

[...piadrêng] badhe angawaki tumut | ngitêr sima kang sikara | munggèng jroning jurang trêbis ||

23. ngayubagya kang nèng ngarsa | atmajendra Jêng Pangran Angabèi | kumêdah badhe tumuntur | myang sang iswaraputra | Pangran Prabu Prangwadana kinèn tumut | jêng gusti andikanira | sesuk umiringa kaki ||

24. lan kanthia eyangira | Arya Brajanata kalawan malih | Wirasmara lan Si Pogul | myang Jayawilatikta | kapat sami rumêksaa ing pakewuh | kang wus tau jajah wana | wêruh papaning pawèsthi ||

25. dèn prayitna ywa pêpeka | wana gawat kaliwat gone wêrit | sandika jêng pangran prabu | risdhèn nulya ngandika | lawan Kaptin Noi: sira sesuk esuk | sun kanthi milua marang | pakitêran nora têbih ||

26. kaptin umatur sandika | sigêg wau bujana wus miranti | tandya tindak dalêm pungkur | unggyaning pasunggatan | sadangune nora liya kang rinêmbug | mung badhe tibaning [tiba...]

--- 242 ---

[...ning] karya | pambêrêge benjing enjing ||

27. luware saking bojana | sowang-sowang makuwon para gusti | nihan dupi praptanipun | sontên wanci jam gangsal | tuwan risdhèn miyos mring lesan jinujug | angêlèskên kôntanira | supadi tan mindho kardi ||

28. dadya pra gusti sadaya | kèlu ing tyas sakala angladosi | lesan musthi kôntanipun | pinêlêng-lênge kêna | winatara satus tindak têbihipun | tuhu tan ana kuciwa | kawangwang sami winasis ||

29. surya mèh ngancik acala | sandyakala sumirat sêmu abrit | nulya jêng pangeran prabu | moga mrih karya suka | wraha jagar ingumbar nèng krangkèngipun | ingabên lawan srênggala | kinêplokan para abdi ||

30. sona ngrah wijung rumangsang | langkung rame tinundha binut kalih | cèlèng nyulêng ngisis siyung | amogok mêgap-mêgap | ana asu kêsusu kêsêlak naut | tuna katungka ing kônca | dhinodhos dhase [dha...]

--- 243 ---

[...se] kabalik ||

31. kalengkengan ngathang-athang | gya tinunjang ing rowang saking wingking | pramana dènira naut | githoke wraha kêna | ngringkuk ngringkêl karuna rêna kang dulu | wijung binujêng ing kathah | ingundur kasaput ratri ||

10. Durma

1. tan antara Jêng Pangran Gôndaatmaja | mijilkên sêkar api | dhingin wêkas wetan | kang êlong barondongan | tinundha mawanti-wanti | lih kogêl lawan | srèng manrang ing wiyati ||

2. kang tumingal rèntèt têpung akalangan | surak-surak swaratri | lir ruging prabata | tanapi swaranira | pradôngga barung ngurmati | rikalanira | ingumbul sinrang angin ||

3. lamat-lamat kumêlap-kêlap kumêdhap | sakêdhap kêthip-kêthip | ting tinundha-tundha | binandhung bancang tiga | suka pra gusti ningali | kalangyan ingkang | gêgana tinon kadi ||

4. daru midêr ngalitêr ngupaya papat | mangkana para gusti | kondur masanggrahan | anjujug pambojanan |

--- 244 ---

bibare sowangan sami | mring kuwunira | sigêgên duk ing ratri ||

5. praptèng enjang saji[19] wadya ing ngajêngan | banjêng nut pancaksuji | jèjèr bêbanjaran | ana kang jujug papan | kang tumbak ngarangap kèksi | urut sêluran | anut lunguring ardi ||

6. datan kêndhat dalêdêg kang saking wuntat | atarap kêtêp tirip | praptaning turôngga | tuwin warastra dibya | ampilaning para gusti | jibêg nèng ngarsa | mangkana para gusti ||

7. miyos saking pakuwon lajêng panggihan | jêng tuwan risdhèn tuwin | pra tamu sadaya | lênggahan sawatara | wontên dasih tur udani | yèn wus têtela | gèn sima datan sêpi ||

8. risdhèn suka amundhut turangganira | anitih tindak aglis | risang narpatmaja | lan sang iswaraputra | wus sami nitih turanggi | ginarbêg wadya | wandawa tan atêbih ||

9. amung tuwan kaptin ingkang kêdah dharat | nuhoni yèn inpantri | wus tate

--- 245 ---

lumampah | lampahan tigang dina | ugi minggah graning wukir | duk prang nèng Padhang | ing Dhèli tuwin Ngacih ||

10. lampahira tansah amusthi sanjata | sirungan sampun prapti | têtirah ing arga | kèksi kang ngêpung samya | nèng pêpèrèng iring-iring | pêrak pêparang | murih parêking ardi ||

11. tuwan risdhèn mangu ing tyas angandika | mring Tuwan Pogêl wêngis | yèn ingsun uninga | ing papan kang kadyèka | wèhana macan sakêthi | môngsa sudia | dene ta dahat supit ||

12. tuwan kaptin ngrêrêpa alon wacana | dhuh risdhèn sampun runtik | yèn panggenan sima | lir punika kewala | kawical kalangkung gampil | kang sampun limrah | tikêl kalawan ngriki ||

13. langkung sungil langkung siluk langkung pringga | tuwin kang mutawatir | kalamun punika | katimbang sabênira | tan môntra lamun sairib | panggenan sima | sêmuning wana mamring ||

14. tuwan risdhèn gèdhèg-gèdhèg angandika | lah

--- 246 ---

payo mlanggrong sami | sira aja têbah | nunggala lawan ingwang | Pangran Prangwadana tuwin | sawadyanira | dèn parêk anèng ngriki ||

15. lawan ingsun tuwin sang narendratmaja | wit bangêt mutawatir | amung ta Sang Arya: | Brajanata kalawan | Wirasmara dadya kiping | dèn kongsi têpang | lan baris kang ngubêngi ||

16. tan antara kapyarsa sêsurakira | gumêrah wanti-wanti | saking têmbing wetan | kang gosok ngangsêg papan | kèh galagah bosa-basih[20] | lata karungkat | karênggêp rungkap sami ||

17. wrêksa kasol kèlês kabarubah rêbah | pinilês kapalipis | pêpês tarulata | kaidêg dening janma | sima mêmôngsa miyarsi | surak gumêrah | giras kèh janma prapti ||

18. tan antara krodhanggro milar sarosa | sumêbut lir jêmparing | kumilat lumarap | barisan kang miyarsa | surak alok payo nuli | anarajanga | ing kene rêbut pati ||

19. para gusti miyarsa suraking wadya |

--- 247 ---

sigra samya amusthi | kang warastra dibya | rinênggêp asta kiwa | anthuk ingunggahkê[21] sami | ingêmbat-êmbat | tansah tininggil-tinggil ||

20. kang ingajap mung mangke tibaning karya | ywa nganti mindho kardi | suka tinrajanga | sardula gora sabda | kaya pêpêthaning warni | yèn anèng wana | kawarta gêgirisi ||

21. kawarnaa pabarisan Pangabean | tinrajang dèn gêroni | risang narpaputra | tan gugup solahira | ayêm prayitnane kèksi | musthi warastra | dibya tininggil-tinggil ||

22. kang sarnula[22] andêdêr panêmpuhira | sang narpatmaja aglis | ngayati baswara | sima wrin kang warastra | atajêm sampun pinusthi | milar malumpat | binarêng dèn tibani ||

23. warastradi tumamèng têtepongira | nglumbanggro krasa sakit | nulya asingidan | rumasa tan kuwawa | mring pamuking para gusti | lumêbèng guwa | tan ana kang udani ||

24. ingucalan kang galagah pinilêsan | atusan [atusa...]

--- 248 ---

[...n] kang anitik | nut labêting macan | kadi ta wus kabranan | kanggêg kasaput ing ratri | surya mangrangsang | pracima sorot uning ||

25. langkung cuwa pra gusti saananira | tuwin risdhèn miyarsi | swaraning sanjata | myang milare kang sima | sêmu kadugi ing galih | ngandika lawan | gumujêng nolih wingking ||

26. hèh ta Pogul dahat sukane tyas ingwang | mêngko titikên aglis | lamun maksih ana | sesuk sun arsa prapta | Tuwan Pogul turira ris | dhuh kangjêng tun |[23] sayêkti mangke ratri ||

27. sima katri saèstu ngalih panggenan | kawus binujêng janmi | jawi ta ing benjing | praptèng môngsa têrangan | wangsul dhatêng ngriki malih | malah mèt rowang | sakawan gangsal pasthi ||

28. tuwan rismèn[24] langkung cuwaning wardaya | dene kêsaput ratri | gya sami tumêdhak | marang tarub dadakan | bojana lan para gusti | sunggatanira | tan pae duk nèng loji ||

29. sêsadêhan tuwin kang minum-minuman | saji-saji [sa...]

--- 249 ---

[...ji-saji] sumaji | nèng meja tan sêla | residhèn angandika | marang sira tuwan kaptin | lah rasakêna | iki pangran dipati ||

30. bote wana kabèh doyanaku ana | tuwan kaptin mangsuli | kula tan anyana | yèn manggih makatêna | agêng parmane jêng gusti | kalawan tuwan | tuwin mring para tami ||

31. tan winarna jroning dhahar winurcita | kasaru mêndhung prapti | gamêng antariksa | luware dhahar sigra | kondur anitih turanggi | sarawuhira | pinêthuk sabda manis ||

11. Dhandhanggula

1. kangjêng gusti pangeran dipati | siniwakèng madyaning pandhapa | wus dangu ing antarane | ngêntosi praptanipun | ingkang sami bêrêg mring wukir | jêng tuwan risdhèn lawan | sang narendrasunu | rawuh sigra têtabean | sang iswara tanya wartaning wanadri | residhèn awacana ||

2. putra tuwan Jêng Pangran Ngabèi | ingkang sagêd dhawahi sardula | kula mirsa palajênge | saking watawisipun | nandhang

--- 250 ---

kanin tepong kang wingking | nalika ingucalan | dhatêng pra wadyagung | kang nglacak dupi mèh pêrak | nging kasaru kasêlak suruping rawi | ketang pringganing wana ||

3. dadya kanggêg kang samya nênitik | mutawatos tumiyunging warsa | têmahan mundur sakèhe | wadyalit kang angêpung | yèn sampuna kasêlak wanci | kadi ta kang sardula | tamtu kengingipun | wit sampun kataman brana | cuwa kula langkung saking Pangran Bèi | jêng gusti amiyarsa ||

4. kandhanira duk anèng wanadri | langkung ngungun de sima tan kêna | tandya lêlênggahan andhèr | tarlèn ta kang winuwus | masalahe duk anèng ardi | pra wadu myang wandawa | cuwane kêlangkung | gagale sima kruraya | kadi-kadi benjing enjing dèn wangsuli | nanging tan wontên dhawah ||

5. wit kagalih kalamun wus ngalih | ngungsi papan graning arga liya | kawus bali kèh ajrihe | wusana kang rinêmbug | benjang môngsa têrangan malih | badhe tindak [tinda...]

--- 251 ---

[...k] pêpara | mring pakuwon ngriku | de papan langkung prayoga | yèn kinarya bêbêrêg sardula tuwin | amaning wanawasa ||

6. tabah[25] sanga sêkar latu mranti | tan prabeda gêlaring pangreka | kadi tan wontên siwahe | lawan kang wus winuwus | ing ruwiya kalaning ratri | rampunge amariksa | sagung kang pra tamu | taman kêndhat andrawina | pukul sanga bojana sampun miranti | gya awit majêng dhahar ||

7. munggèng meja banjêngan kaèksi | salin-sumalin ladosanira | kang majêng wijang wijile | tan nunggil raosipun | cukat-cakut apil tarampil | angladosi sadêhan | tanna dhompèng laku | wit sinung sêrat pranatan | mrih kawratan pasunggataning pra gusti | titi-tataning meja ||

8. nging jêng gusti pangeran dipati | tan umiring marang pambunan |[26] anyarèhkên sarirane | amung jêng pangran prabu | kang tinuduh minôngka wakil | dangu antaranira | dènnya

--- 252 ---

dhahar kêmbul | tan kêmba imbal wacana | sêsambène sabên myarsakkên kang gêndhing | kang anèng ing pandhapa ||

9. bibar dhahar antaraning wanci | madya ratri samana linilan | lêrêm marang pakuwone | kunêng kalaning dalu | kawuwusa praptaning enjing | wadyakuswa gumêrah | pinarnah kinumpul | rinèh sarekaning karya | kang garubyug pangirid lawan pangarsi | samaptaning pêpara ||

10. para mantri saking Wanagiri | kang gumanti ing pakaryanira | citra pradata sarèhe | rata titihanipun | sang iswara sampun miranti | tuwin turangganira | wandawa myang wadu | ing antara pukul sapta | kangjêng gusti tindak pasanggrahan loji | lajêng sami bojana ||

11. mung sapangu gya sami umijil | mring pandhapa orêg wadyakuswa | budhal ingurmatan dene | gôngsa barung manawung | monggang tuwin kang carabali | pangirid satus janma | ngarsa myang ing pungkur | kapungkur ing Jumapala | pêpêlakan lampahira sampun prapti |

--- 253 ---

watêsing Jatipura ||

12. pakuwon gung anggênggêng kaèksi | sinangsaya gumlaring bandera | bawera munggul gudhange | prênah sakilènipun | cakêt lawan trêping capuri | ing ngarsa sinung pasar | têpining margagung | kang anjog marang Kaduwang | sang iswara rawuh kampir nêningali | rakiting pasanggrahan ||

13. gôngsa urmat barungan swaratri | janma pasar kasêngsêm mariksa | marang wong agung rawuhe | puyêngan rêbut dhucung | milih papan kapèpèd dening | kang dhrêsêl milu lênggah | umpêl-umpêl umung | mangkana kang pinarakan | nèng pakuwon sinunggata wedang sami | myang roti sêsadêhan ||

14. mung sakêdhap lajêng bidhal malih | trus mangidul gya nikung mangetan | têkèng Wilatung watêse | wontên tuwan kang mêthuk | numpak kuda kêmbar kang warni | agêng myang inggilira | tuwin ulêsipun | iswara duk praptèng kana | tuwan kalih marêk ing rata maripih | nambrama tur raharja ||

--- 254 ---

15. alon matur lan lukita manis | manungsunging wit amba dinuta | mring tuwan Wilatung dene | kayungyun ngayun-ayun | kampirana dhatêng jêng gusti | tuwin ta kangjêng tuwan | risdhèn myang pra tamu | jêng gusti alon

ngandika | amangsulti[27] mring tuwan tarimakasih | lawan rênaning driya ||

16. lajêng trus nut têtirah ing ardi | kang radinan waradin mangetan | nikung ngidul èrèng-èrèng | pêpèrèng datan singup | minggah kalèn kalangan ardi | dadya dêdêr kang lampah | tantara kadulu | loji gêng ngongkang jêjurang | pêrak gudhang gêng-gêng kang bandera kèksi | saliring kang rêrênggan ||

17. yeka Brêcakwilatung kang nami | langkung asri rakite kang wisma | arampak pandhak pagêre | dene kang darbe ngriku | Tuwan Isêl ingkang wêwangi | mangkana kang pêpara | wus pêrak mèh rawuh | kinurmatan ing pradôngga | laras slendro suwaranira lir rinding | ngumandhang tibèng jurang ||

18. kang titihan rata sampun prapti |

--- 255 ---

sangajênging loji gya tumêdhak | tuwin jêng tuwan residhèn | lan sagung para tamu | sumana kang para gusti |[28] Tuwan Isêl sakala | gurawalan mêthuk | cundhuk sigra têtabean | ngacarani lênggah mubêng munggèng kursi | sadaya tan lênggana ||

19. Tuwan Isêl dahat sukèng kapti | ingampiran jêng gusti kalawan | residhèn pra tamu kabèh | mangkana gya sêsugun | juk-unjukan anggur sampanyi | wilujêng rawuhira | risdhèn lan wong agung | sawadya saking pêpara | lan minôngka pratôndha sungkêming galih | sampuning sinunggata ||

20. sang iswara lan risdhèn gya pamit | têtabean Isêl aturira | lamun pinarêng ing mangke | kula badhe tumuntur | mring pakuwon nyipêng saratri | lajêng trus ngatêr marang | Wanagiri dunung | jêng gusti mangayubagya | tandya amit budhal ingurmatan kadi | nalika rawuhira ||

21. ngidul ngilèn lampahe lêstari | ratan rata ing saurutira |

--- 256 ---

laju anjog ing ngajênge | gudhang Pêlêm anikung | ngidul anjog Kêmlakamanis | nikung ngering katingal | gudhang gêng amunggul | rinêngga ing sarwa pelag | trus mangidul dêdêr Ngadiraja kèksi | saliring kang rêrênggan ||

22. nikung ngilèn gya mangidul malih | kinurmatan pradôngga sauran | jêng iswara sarawuhe | sami karênan dulu | upakarya rakiting panti | pantaraning kalangyan | sarwasri wèh yungyun | sampat saputing surasa | datan pae lan pakuwon duk ing ngarsi | kang sami rinawuhan ||

23. ascaryambêk kang sami ningali | Ngadiraja tuhu tan kuciwa | bawera munggul papane | kêbon kêmbanganipun | sarwa adi tur pèni-pèni | kang kalèn kêkalangan | lumêkêting taru | tarapte kang têtuwuhan | tuwin pisang sinangsangan rosan cêngkir | rinut ing saka tratag ||

24. lumrah saka sinukarta dening | buntal patra patrape kang warna | kadya [ka...]

--- 257 ---

[...dya] lung tumalèng wite | winantu sêkar mawur | wor gandaning dupa ing panti | kasamia satata | lênggah pandhapagung | tan dangu sunggata prapta | bên-abêning bôngsa sênêngkêran sami | tumrah wadu wandawa ||

25. tan adangu Tuwan Isêl prapti | mawa rata rakitan sakawan | lajêng mring ngajêng jujuge | umandhap gya cumundhuk | têtabean wus kinèn linggih | ajajar para putra | tan antara dangu | kang ngrakit boja sunggata | wus samêkta: tandya marêk tur udani | mring kangjêng sang iswara ||

26. kangjêng gusti sigra ngacarani | mring pra tamu ing sadayanira | ing dalêm wingking jujuge | adad bojana kêmbul | lêladosan sami lumadi | minuman sêsêlingan | ing sasênêngipun | saluwaring andrawina | sêsowangan mring pakuwonira sami | sêmune pra taruna ||

12. Sinom

1. kadi karênan umulat | rêngganing pakuwon adi | banar papane warata | sampêt sampekaning panti |

--- 258 ---

pantoge kang capuri | wingking patêgalan agung | watara satus cêngkal | trus mangidul mring wanadri | taratataban ayom kayêman ing wrêksa ||

2. gasik rêsik pinandara | mandera ngidêri bèji | yeka ta pangangsonira | janma Ngadiraja sami | gilir ganti kang prapti | sêsuci myang amèt ranu | sigêg rêngganing sêndhang | dupi praptaning kang wanci | pukul gangsal pra gusti sami sawega ||

3. adrês dhawahe kang warsa | tinut ing maruta ngidit | kongsi suruping raditya | kang riris maksih garimis | dadya kang para gusti | tan sagêd mêng-amêng amung | lêlangên andrawina | anèng madyaning pandhapi | ngiras gunêm badhe kondurira enjang ||

4. residhèn ing karsanira | sapraptaning Wanagiri | badhe kampir dhatêng wana | ambêrêg misayèng rêndhi | jêng gusti nyuwawèni | nanging pênjênênganipun | lajêng mring panambangan | ngiras badhe mariksani | dènnya lesan abdi dalêm sêtabêlan ||

--- 259 ---

5. amung ta sang narpatmaja | katiga kinèn umiring | lan Jêng Pangran Prangwadana | Arya Brajanata tuwin | Tuwan Isêl supadi | wikan talatah ing Kêthu | wus dadi ponang rêmbag | tuwin risdhèn nayogyani | gya langênan ningali sêkar dahana ||

6. nanging kêsaru ing jawah | kèndêle kang sêkar api | nulya tindak abojana | bibar jêng pangran dipati | kondur mung para siwi | ingkang sami maksih kantun | sumiwèng kangjêng tuwan | residhèn dene ta maksih | lêlênggahan sinambi samya kasukan ||

7. kongsi madya ratri lagya | luwaran dènira main | ing dalu tan kawursita | | praptèng wanci bangun enjing | gumrah wadya kang manjing | sajroning capuri agung | turôngga tuwin rata | rakiting pêpara mranti | pinapatah dènira badhe lumampah ||

8. marpat madyaning bacira | sawega wadya turanggi | kang sami rumantyèng karya | binantonan ing samargi | mangkana kangjêng gusti | tanapi [tana...]

--- 260 ---

[...pi] pra rajasunu | wus ngumpul pinarakan | madyaning pandhapèng loji | bêbanjêngan kang sami bêkta ampilan ||

9. Ngabèi Jayasarônta | wadana ing Wanagiri | kumpul lan Jayaandaya | Sêmbuyan kang madanani | saha panèwu mantri | rumantya ngampil kaprabun | pangarsa wimbasara | rata rinakit turanggi | sang iswara budhal ingurmatan gôngsa ||

10. kadya duk ing rawuhira | rikating lampah gya prapti | bang wetan ingkang narmada | pacangkraman Wanagiri | sinung têtarub asri | munggèng salèring margagung | gênggêng kang wadya tôntra | caos badhe anampèni | kuda rata tanapi kang upacara ||

11. iswara myang para putra | panabrangirèng bênawi | rawuh sakilèn narmada | sinung wismalit amrêgil | yeka pancèn piranti | anganti titihanipun | turôngga tuwin rata | prapta sigra bidhal malih | lampahira laju jujug asistenan ||

12. tan adangu lêlênggahan |

--- 261 ---

sigra sang iswara pamit | laju dhatêng panambangan | mung lawan putra kêkalih | sarêng ta sami nitih | kang satunggal asmanipun | Pangran Gôndasaputra | lan rayi ingkang wêwangi | Jêng Pangeran Nararya Gandaatmaja ||

13. lêpas lampahira prapta | unggyaning lesan artlêri | laju dènnya mêmariksa | sareka rakiting kardi | pranawaning pangèsthi | pra prawira isthanipun | dènira amarwasa | kanthaning wèri marapit | sigêg gantya ingkang winursitèng kata ||

14. jêng tuwan residhèn lawan | para taruna winasis | saliring ulah sanjata | arsa mangsah mring wanadri | samapta kang piranti | sacaraning ambêburu | budhal nitih turôngga | wadyalit wus ngumpul munggwing | jroning wana tigang èwu winatara ||

15. tinindhihan dêmang rôngga | sawega mawa turanggi | mung patinggi ingkang dharat | tan pêgat karandhat dening | taru rining wanadri | pra gusti sarawuhipun | gya sami minggah marang |

--- 262 ---

panggungan tan patya inggil | nut lêlungur aluran marganing sangsam ||

16. sêdhênge bêndhe tinêmbang | binarung surak swaratri | myang kukuk ambal-ambalan | imbalan mariyêm muni | sakilèning wanadri | têbah kapyarsa jumêglug | kadya paguting yuda | rame rok asilih ungkih | rêbut papan nèng madyaning pabaratan ||

17. gropaking wrêksa kang sêmpal | gêroting taru katarik | kadya têmpuhing warastra | galagah ingkang kaplipis | kaplêpês têmah nipis | pinarusa têmah daut | lata rug samya singsal | sumyaring kisma lir riris | rarasing rèh kadya sumyaring sêndawa ||

18. sangsaya ngangsêg umangsah | wadya tigang èwu mamrih | angrok angrabasèng sangsam | sêmune kadya pêpulih | karêndhi kandhah dening | wadya tigang èwu nêmpuh | binujung salang tunjang | umilar ngalèr malipir | nut pêparang rèng-èrèng ronging jêjurang ||

19. wuwusên kang nèng panggungan | residhèn [re...]

--- 263 ---

[...sidhèn] myang para gusti | myarsa ramening sêsurak | asora swaraniratri | tandya sami amusthi | warastra kunta gêmipun | tininggil munggèng asta | mangkana Jêng Pangran Bèi | tinarajang plajênging karandhi kênya ||

20. ingayatan kuntanira | tan kêna umilar silip | anilap mring pagrumbulan | tan adangu wontên prapti | karêndhi branggah kalih | umijil saking garumbul | gêng inggil katingalan | saking panggung tan atêbih | Jêng Pangeran Ngabèi awas tumingal ||

21. pinapagakên sanjata | barêng milaring karêndhi | marmanta datan pramana | ing brana mung tibèng wuri | pêsate saya kêsit | narendraputra andangu | paran ta dene têka | cabar kuntaningsun iki | ing sabêne nora tau mindho karya ||

22. umatur wadya kang mirsa | gusti kados botên kenging | awit pêsating warastra | sarêng lan milaring rêndhi | amung ta ingkang rayi | Pangran Prabuningrat matur | kangmas watawis kula |

--- 264 ---

kang sangsam punika kêni | dene kèksi sêmu rêmbên plajêngira ||

23. tan dangu wontên kapyarsa | alok elah-welah kêni | baya mati sidubilah | datan pinindho babar ji | mangkana kang udani | pêjahe sangsam rinubung | suka sang narpatmaja | umandhap nitih turanggi | praptanira jêng pangeran angandika ||

24. banjurna marang nagara | aja kongsi nginêp margi | pasrahna pyayi wadana | kang tungguk nèng srimanganti | konjuke sri bupati | lumantar nyai tumênggung | yèn sangsam saka ingwang | sandika ingkang tinuding | pangiride sira Rôngga Ngadiraja ||

25. gya winalik gêlarira | gancanging carita kongsi | rambah kaping kalih gènnya | gosok bêrêg ing wanadri | mung Kangjêng Pangran Bèi | kang angsal sadangunipun | kalih kalêbêt jagar | kêsaru ing wanci lingsir | gya bibaran kondur dhatêng asistenan ||

26. rawuh lajêng abojana | bibar gya tabean pamit | nusul [nu...]

--- 265 ---

[...sul] dhatêng Panambangan | sigêg wau kangjêng gusti | sadangunira nganti | kang bêbêrêg mring wanagung | tantara nulya prapta | rata saking Wanagiri | tinitihan jêng pangran lan para tuwan ||

27. rawuh lajêng têtabean | jêng gusti pangran dipati | tanya pawartaning wana | residhèn kang nyariyosi | yèn Kangjêng Pangran Bèi | dhawahe baranggah agung | lajêng kinèn ambêkta | konjuk mring sri narapati | Tuwan Isêl ing Wilatung inggih angsal ||

28. jêng gusti kalangkung suka | mring putra Pangran Ngabèi | sadangune lêlênggahan | tan ana ginunêm malih | amung kalanta nguni | ambêbêrêg mring wanagung | eca imbal wacana | kasaru sirating rawi | amanglarap mèh ngancik graning ancala ||

29. gya dhawuh samêkta rata | pangirid catur turanggi | Sidni napas ulêsira | nèng sabrang lèr dènnya nganti | mangkana kangjêng gusti | nitih palwa nabrang sampun | jêng tuwan risdhèn lawan | para tamu sami nunggil | sabaita [sabai...]

--- 266 ---

[...ta] rawuh brang lèr nitih rata ||

30. budhal kinurmatan gôngsa | ginarbêg wadya turanggi | jinajaran wimbasara | tan sarônta sampun prapti | ing Kêpuh dèn urmati | pradôngga rêrênggan agung | tan pae kanthanira | lan kang wus winatwèng ngarsi | sang iswara kèndêl mung ganti turôngga ||

31. ri wusira asamêkta | pangiriding rata aglis | budhal ingurmatan gôngsa | ing Sukaharja wus prapti | samadyanirèng margi | sinungan wisma lan tarub | rinênggan olansê plan | kalangse linungsir-lungsir | kang cêcadhang Dyan Bèi Wiryakusuma ||

32. kaliwon ing Sukaharja | bawah dalêm sri bupati | kumêdah atur pahargya | kang sami rawuh cangkrami | nanging ta kangjêng gusti | tan kampir ing tindakipun | marga glis rawuhira | ing Bacêm brang kidul sami | mandhap saking swandana gya nitih palwa ||

33. pêthukan saking sri nata | ing wuri naga basuki | minôngka tumpakanira | pra wadu wandawa dasih |

--- 267 ---

sabrang lèr wus miranti | wadya jroning kitha mêthuk | rata tuwin turôngga | jajaran wira kaplêri | gangsal tindhih iswara sarawuhira ||

34. sabrangan lèring narmada | saratining rata prapti | jêng gusti lan risdhèn nulya | anitih swandana nunggil | sumawana pra gusti | dumulur mring rata pungkur | jujug ing residhenan | lêlênggahan sawatawis | gya konduran para gusti sowang-sowang ||

35. jêng gusti myang para putra | ing sarawuhirèng puri | pinêthuk pra wadyanira | punggawa satriya mantri | gya lênggah ing pandhapi | pinarak kursi baludru | dangu raharjanira | ingkang sami têngga puri | sawusira nindya mantri apratela ||

36. karahayonirèng praja | satêdhakira jêng gusti | cangkrama dhatêng aldaka | tan wontên sangsayèng prapti | sukèng tyas kangjêng gusti | jumênêng gya tindak kondur | umanjing jroning pura | pinêthuk putra myang swami | titi tamat pustakaning pustakarja ||

1. cangkrama. (kembali)
2. § = 1808 [Sengkalan: ngèsthi nênga salira ji (Sêlasa, 16 Saban 1808 A.J., Selasa, 5 Agustus 1879 A.D.)]. (kembali)
3. linungsir-lungsir. (kembali)
4. sampanyê. (kembali)
5. lênggah. (kembali)
6. ambanjêng. (kembali)
7. § Ing ngajêng nama: Pablêngan, kabêkta saking toyanipun asin dados sarêm blêng. (kembali)
8. luwaran. (kembali)
9. tumuli. (kembali)
10. myang. (kembali)
11. tumamping. (kembali)
12. sigrong. (kembali)
13. surêm-surêm. (kembali)
14. dèn (dan di tempat lain). (kembali)
15. tabuh. (kembali)

16. kisma. (kembali)
17. kali Gêmbong. (kembali)
18. palêngkung. (kembali)
19. jawi. (kembali)
20. bosah-basih. (kembali)
21. ingunggahkên. (kembali)
22. sardula. (kembali)
23. Kurang satu suku kata: dhuh kangjêng tuwan. (kembali)
24. risdhèn. (kembali)
25. tabuh. (kembali)
26. Kurang satu suku kata: tan umiring marang pambujanan. (kembali)
27. amangsuli. (kembali)
28. Kurang satu suku kata: sumawana kang para gusti. (kembali)

Langênarja, Padmasusastra, 1898, #199

Katalog : Langênarja, Padmasusastra, 1898, #199
Sambung : -
--- 186 ---

Langênarja

1. Sêkar langên-gita pelog pathêt nêm.

1. marna: pasanggrahan Langênharja | kang mayasa: jêng sinuhun kaping sanga | têbihira tigang pal sakidul praja ||

2. kôntra: mangetan ajênging pura | pinarsada: capuri wingking kewala | menggok prapta: dalêm agêng ingkang madya ||

3. mawa: wiwara môngka gapura | kanan kering: kang lumêbèng jroning pura | lamun dalu: margine kang nganglang pringga ||

4. wisma: [wi...]

--- 187 ---

[...sma:] kang munggul kiduling pura | môndhakiya: pandayanirèng pamuja | ngandhap karya: pakuwoning para putra ||

5. ngarsa: datan mawi pinarsada | amung sinung: laleyan inggil saasta | pinandara: pindha ombaking samodra ||

6. nyôngga: pot bêling wadhah puspita | tarap prapta: ujung pagut lan gapura | sinung dwaja: munggul asri kawistara ||

7. marga: pirit mubêng pagêr bata | ngalèr prapta: simpangan kang marang praja | mangidule: dumrojog anjog narmada ||

8. gwanya: giyo tamane kawarna | ana kumba: naga liman myang cakarwa | wahanane: sang nata lamun cangkrama ||

9. saha: sori putra myang wandawa | mudhik prapta: pakuwoning Parangjara | alêlana: lêlangên misaya mina ||

10. kadya: ruwiyaning jaman kina | duk narendra: Maispati apêpara | lan pra garwa: mring sawanganing samodra ||

11. purna: cinitra ari Raditya | tri wêlas ing Saban Jimawal kang warsa | gatinira ngluhurkên sarira raja ||[1]

§ = 1805 [Sengkalan: gatinira ngluhurkên sarira raja (Ahad, 13 Saban 1805 A.J., Minggu, 3 September 1876 A.D.)]. (kembali)

Nyanjata Sangsam, Padmasusastra, 1898, #201

Katalog : Nyanjata Sangsam, Padmasusastra, 1898, #201
Sambung : -
--- 268 ---

Nyanjata Sangsam

1. Sinom

1. rinêngga atma srinata | Jêng Gusti Pangran Dipati | Nararya Mangkunagara | ping catur ingkang mandhiri | kang lagya mardisiwi | winarah rèh mring rahayu | Jêng Pangran Prangwadana | kang arsa têmbe gumanti | mrih widada dumadining yogatama ||

2. tumana mring susilarja | arju marta maratani | sawadya wadu-wandawa | aywana winalang kapti | myang pinrih pinarsudi | rumakêting kadang-karuh | lan malih mêmiluta | lumêkêt susêtyèng budi | dening para atmajendra Surakarta ||

3. kasidaning sih-sinihan | sumrambaha makangsali | tumrap ing praja mandhala | jêjêg arjaning kang bumi | menak sarwa dumadi | dera myat para gung kumpul | sumungku abipraya | mêmayu ayu lêstari | antarane kèh suka manadukara ||

--- 269 ---

4. nahên wau winursita | kang putra tinuduh maring | pasanggrahan ing Wanarga | bêbêrêg buron wanadri | myang mamèt minèng kali | lan para atmaja prabu | tamtuning ri ubaya | jujug myang mangsaning wanci | Pangabean badhe pakumpulanira ||

5. kang minôngka gêgunungan | Jêng Pangeran Angabèi | manggalatmaja iswara | wau praptaning ubanggi | Akad Kaliwon kaping | sadasa Dulkijah taun | Be kang salira mentar | wana iku amarêngi |[1] tabuh lima jêng pangran wus pêparentah ||

6. arakit kang palênggahan | pantyalit ngarsèng pandhapi | baku[2] bundêr munggèng madya | asri kinupêng ing kursi | ngarsa têpyèng pandhapi | rêspati sinungan babut | ya ta tabuh nêm prapta | para ri kang arsa ngiring | kang ngruhuni Jêng Pangran Natakusuma ||

7. tan dangu ing pêpakira | nèng Natar samya pêpanggih | Jêng Pangeran Pakuningrat | katigane ingkang rayi | Jêng Pangran Arya Singgih | Prabuningrat [Prabu...]

--- 270 ---

[...ningrat] malihipun | Kangjêng Pangeran Arya | Kusumadiningrat tuwin | sinêbut Walandi wasta Tuwan Jan ||[3]

8. ngantosi ing wiyosira | tan antara sigra mijil | jêng pangran sampun siyaga | busana cara Walandi | nulya lênggah ing kursi | para ri tata alungguh | anganti praptanira | têtamu kang arsa mampir | kunêng prapta wanci tabuh madya sapta ||

9. Pangran Prabu Prangwadana | kering ing raka kêkalih | Jêng Pangran Gôndasaputra | myang Gôndatmaja kang rayi | miwah ari kêkalih | Radèn Mas Subyakta timur | lan Radèn Mas Suprapta | wontên malih kang umiring | môngka pamugari Arya Brajanata ||

10. punika ingkang pêputra | jêng gusti kang kaping kalih | malih prênah ingkang paman | jêng gusti kang kaping katri | nênggih ingkang sêsiwi | Suryadarma jêjuluk |[4] wusnya pinêthuk sigra | ngacaran lênggah ing kursi | mubêng tarap tan kari Dyan Wirasmara ||

11. tan dangu sunggata wedang | sru turi wusing lumarih |

--- 271 ---

dungkap wanci tabuh sapta | sigra budhalira sami | sampun ngaturan nitih | rata pangkat juru-juru | sri tinon lampahira | praptèng Bacêm têdhak aglis | Dyan Tumênggung Jayasarosa amapag ||

12. lan Dyan Ariya Sêbrata | wus dangu praptanirèki | angrukti sagung kang palwa | badhe kinarya anitih | nabrang mring wetan kali | mangkana samapta sampun | sinaoskên ing ngarsa | wong agung samya anitih | miwah palwa kang amot swandana rata ||

13. ing ranu tan winursita | wus prapta sawetan kali | kuda pangirid pinasang | tan liru prênahirèki | wong agung tarap sami | jumênêng têpining lurung | keringing ratanira | kang arsa dipun titihi | mangsah nêngah Jêng Pangran Gôndaatmaja ||

14. kadi Radèn Baliputra | tinut ing ari kêkalih | Subyakta lawan Suprapta | Jayasarosa pêpatih | Arya Sêbratèng wuri | praptèng ngarsa wus atundhuk | pamit arsa wangsula | mring

--- 272 ---

nagri lan ari kalih | miwah Jayasarosa Arya Sêbrata ||

15. amungkur basukyèng ngarga | narimèng sih anganthuki | sawusnya abêbagean | nulya kur-ungkuran sami | sigra sarêng anitih | tan winarna lampahipun | kang wangsul maring praja | wuwusên kang lumastari | asri tinon wimbuh rêngganirèng marga ||

16. patinggi umbul myang rôngga | anggrêbêg samargi-margi | samya anitih turôngga | ing kanan miwah ing kering | ngarsa rolas salangsir | amandhi banderanipun | abajo sangklat rêkta | biru calana mantêsi | acêcaping ijo ginayut taliwang ||

17. ing marga tan winursita | ing dhusun Walang wus prapti | kèndêl sang narpasiwaya | gantyaning kuda pangirid | tan dangu wusnya rakit | sigra wau bidhalipun | prapta ing Sukaharja | mangkana wong agung sami | têdhak saking rata pinêthukkên marang ||

18. sira Dyan Wiryakusuma | ngaturan laju mring panti | panggubahan madyèng awan |

--- 273 ---

rinêngga sri sinalisir | ring wastra môncawarni | sinamir ron tinatuwuh | umyang pradôngga munya | kunêng ta sang narpasiwi | sampun sami lênggah ing kursi sadaya ||

19. midêr wantu larihira | miwah wadya kang umiring | wus tan ana kêkurangan | sapangkat-pangkatirèki | dangu lêrêpnya nuli | wong agung ing bidhalipun | sarêng anitih rata | sayagung dasih kang ngiring | wau Radèn Ngabè Wiryakusuma ||[5]

20. andhèrèkkên sêdyanira | wangsul panambangan mangkin | ya ta ing Kêpuh wus prapta | aganti kuda pangirid | tan dangu bidhal malih | lêstari ing lampahipun | wus praptèng panambangan | kèndêl têpining bênawi | nèng sabrang lèr samya têdhak saking rata ||

21. sigra anitih giyota | ing sabrang kidul wus prapti | laju minggah pasanggrahan | urmat pradôngga munya tri | sarêng dènira manjing | wismasri rêngganing wangun | sampun atata lênggah | myang wadya inghang[6] umiring | wus pinarnah

--- 274 ---

ing sajuru-jurunira ||

22. tan dangu palêrêpira | mung angunjuk sawatawis | sigra wau bidhalira | karana mèh praptanèki | laladan Wanagiri | kadêrêng asruning kayun | wantu sami taruna | mêmpêng kasudiran mingis | amung sangsam tan lyan dadya ardayèng tyas ||

23. tan winarna marga prapta | Wanagiri nuju wanci | marêngi tabuh sawêlas | laju anjujug wanadri | ing kono wus miranti | sanjata miwah kudèku | myang kawula ing desa | kang badhe kinèn angiring | kalih nambang samakta gêgamanira ||

24. nahan ta sang siwayendra | tumêdhak saking ratèki | anèng pratêloni[7] marga | kang mangidul anjog maring | ing pasanggrahan adi | kirang sapal têbihipun | dene kang maring wana | mangetan ujuring margi | sami sapal têbihe ngungkurkên arga ||

2. Pangkur

1. kunêng ta sang narpaputra | ingaturan samya nitih turanggi | sigra sarêng lampahipun | saha bala kumêrap |

--- 275 ---

gunging kuda winatara pitung atus | kumutug saengga jawah | sring[8] tinon samargi-margi ||

2. yèn ginagas duk samana | kadya Sultan Jayusman Malebari | tinuduh mring ramanipun | miwah pra arinira | lumurug prang gêcak nagri Ngambarkustup | Prabu Sêmakun kang môngka | manggala pangirid baris ||

3. punika iribe uga | Arya Brajanata kang mugarèni | tinut sagunging pra sunu | sarèh bawaning wana | amêmatah prayoganing laku-laku | mamrih ing pikantukira | kunêng praptèng prênahnèki ||

4. samya têdhak saking kuda | wus binagi kapara rajasiwi | sajuru-juruning panggung | wusnya ngaturan minggah | saha dasih kang nômpa sanjatanipun | sampurna pangrakitira | sinasmitan ngati-ati ||

5. nêngna kang sampun prayitna | kawuwusa wadya kang samya giring | mangsah kumrutug anggrêgut | tan pae lan magut prang | sangkêp sagung gêgaman tan ana kantun | sarwi suraknya wurahan |

--- 276 ---

kadya rubuh ingkang wukir ||

6. miwah bêndhenya angangkang | myang thongthongan narunthung barêbêgi | wor bèri bêgor abarung | wuwusên kang atadhah | pratmajendra wus musthi sanjatanipun | wau ta pêpanggungira | Jêng Pangeran Angabèi ||

7. mênjangan nênêm kang prapta | narpatmaja awas dènnya ningali | tiniyungkên kuntanipun | mênjangan sru malêsat | kanêm pisan angorèk ngiwa anêmpuh | panggungira Jêng Pangeran | Kusumadiningrat aglis ||

8. angayat kunta baswara | wus tiniban kêna sukune kering | kang têngên tiba gumêbrug | tangi asru malumpat | mingêr nulak anggêndring palayunipun | ngarsane pêpanggungira | Jêng Pangeran Angabèi ||

9. nanging têbih antaranya | satus sèkêt tindak wataranèki | sigra ingayatan gupuh | wontên dasih turira | adhuh gusti maksih dahat têbihipun | angling sang siwayatmaja | sok uga sun anibani ||

--- 277 ---

10. sigra tiniban sanjata | sangsaya sru palayunya lir thathit | mangalèr gya kinarutug | sanjata barondongan | maksih gancang manjangan palajêngipun | saksana tinut ing kathah | patinira dèn gêbugi ||

11. kunêng ta pêpanggungira | narpaputra Jêng Pangran Angabèi | lagyeca imbalan wuwus | lan dasih nulya ana | sangsam èstri sing kilèn malayu nêmpuh | dupi parêk panggungira | kandhêg palayunirèki ||

12. prayitna sang tanayendra | ngayat kunta kang kinarya ing nguni | marwasa baranggah agung | mangkana wus tiniban | kêna tênggokira trusing têpakipun | gumêbruk tibèng bantala | tangi sru lumayu ngênthir ||

13. narajang panggunganira | narpaputra jêng pangeran arya aglis | Kusumadiningrat sampun | nibani kang sanjata | pan kaplorod kabêsèr pok buntutipun | tan kandhêg palajêngira | wantuning wus nandhang kanin ||

14. tan têbih antaranira |

--- 278 ---

nulya rêbah sangsam wus angêmasi | pinundhut ginotong sampun | prapta soring panggungan | samya têdhak mariksa ing tatunipun | gya parentah kinèn murak | kunêng ta wong agung sami ||

15. bubaran mring pasanggrahan | madyèng wana rinêngga tarub asri | ing kono dhadharan sampun | tabuh ro wancinira | bidhal malih anggiring mring wana Kêthu | nibani ping kalih kêna | ngularan datan kêpanggih ||

16. tabuh madya lima bubar | kondur maring pakuwon Wanagiri | pinêthuk ing urmatipun | umyang ponang mardôngga | asri tinon rêrêngganing lurung-lurung | tinatirah suji rancang | kasmaran kang aningali ||

3. Asmaradana

1. pringwulung ingkang kinardi | pinaju pat têngahira | pinalang adêg-adêge | kinêmbang rineka cakra | têpung ing kering kanan | nginggil sinungan palêngkung | sri sinamir janur pita ||

2. cêcagaking wancaksuji | rinênggèng ron sêsêkaran | langkung wèh sêngsêm [sêngsê...]

--- 279 ---

[...m] wuryane | miwah marik pinanjêran | rontèk lawan bandera | rolas kaki longkangipun | banjêng praptèng pasanggrahan ||

3. kunêng ta wong agung prapti | pasanggrahan samya têdhak | wus manjing jro pandhapane | ing kursi lênggah atarap | sêsaosan wus aglar | madyèng pahêman kinêpung | wau ta kang pasanggrahan ||

4. mangalèr ajêngirèki | rineka rakiting Jawa | dhapur sêsinom dalême | sinungan kamar sakawan | kinajog jarambahnya | têpung kanan keringipun | jawi brunjung sakanira ||

5. pinlêstèr rata agasik | tinembok pagêring wisma | ingusar anyar tabête | ngarsa sinung paringgitan | kêkalih kamarira | wetan kilèn prênahipun | pinantês sri busananya ||

6. gambar miwah kaca murni | kawacan myang pagulingan | kunêng pandhapa dhapure | jogglo gêng balunganira | wantu parêking wrêksa | kapat sakagurunipun | rêspati sinung bêbuntal ||

--- 280 ---

7. agêng sapêluk tur gilig | anggubêt rineka sarpa | sakawan têpung sirahe | nèng têngah krun gantilannya | istha kadyarsa môngsa | kang sarpa maring damar krun | mangkana salokanira ||

8. têpyèngsun duk pinalisir | ing wastra bang biru seta | kinaywapu pêpêloke | taritis sinung taratag | tinatuwuh kang saka | ing pisang matêng witipun | rarywalit kacaryan mulat ||

9. kalênengannya ngrêrangin | anèng kajogan pandhapa | ringgit wor rêbab swarane | yayah ngalapêna jiwa | kunêng kang samya lênggah | tan dangu bubaran sampun | kasayahên saking wana ||

10. wus pinarnahakên sami | pakuwone sowang-sowang | narpaputra katigane | ing dalêm pakuwonira | kamar kilèn ing têngah | Jêng Pangran Ngabèi iku | ingkang rayi kilènira ||

11. kamar ingkang nomêr kalih | Jêng Pangran Natakusuma | dene ta kang rayi malèh | Jêng Pangeran Pakuningrat |

--- 281 ---

ing kamar paringgitan | kang wetan pakuwonipun | Jêng Pangeran Prabuningrat ||

12. sisihing raka amrêgil | paringgitan kilèn kamar | nênggih malih pakuwone | Jêng Pangran Aryakusuma- | diningrat kilèn prênah | gêngdhong[9] longkang nataripun | lan dalêm gung pasanggrahan ||

13. kaputrèn pantêsirèki | upama wong agung praja | dene tan ana korine | Pangran Prabu Prangwadana | nèng dalêm kamar wetan | Pangran Gôndasaputrèku | nèng jawi pakuwonira ||

14. Arya Brajanata malih | Tuwan Jan Dyan Wirasmara | sami jawi pakuwone | kunêng wus sami alukar | busana ngenggar-enggar | tabuh sapta malih ngrasuk | busana saparêngira ||

15. sarêng mijil mring pandhapi | tan ewah ing rakitira | kadya duk wau praptane | munya salendro pelognya | sadasa ringgitira | kinèn sarêng bêksanipun | abarung suka kang mulat ||

--- 282 ---

16. wong agung eca miyarsi | sarwi ngunjuk sasukanya | kunêng wus dungkap wancine | tabuh kalih wêlas dhahar | nutug dènnya bujana | dangu nulya bibar sampun | makuwon lajêng anendra ||

17. ing dalu datan winarni | rêroncèning pagulingan | kawarnaa ing enjinge | Sênèn tanggal ping sawêlas | tabuh sapta siyaga | angrasuk busana sampun | malih arsa ambêbêdhag ||

18. samêkta wus samya mijil | sigra sarêng budhalira | lan sagung wadyabalane | samya anitih turôngga | sangkêp sagêgamannya | kawot ing turangganipun | enggaling carita prapta ||

19. tan pae lawan duk wingi | barang solahbawanira | malah kang sangsam wêdale | akathah datan petungan | nanging ta bokmanawa | dinanya kang tan pakantuk | nuju sêpi petangira ||

20. yèn titisirèng pambêdhil | tan owah lan saban-saban | apan iya pratandhane | singa kang tiniban [tiniba...]

--- 283 ---

[...n] kêna | rinuruh tan kapanggya | marma kukuh dinanipun | kunêng tabuh kalih wêlas ||

21. kondur saking ing wanadri | praptèng pasanggrahan dhahar | sigra tan dangu bubare | kasaput drês jawahira | wus ngaso masanggrahan | tan winarna roncènipun | tabuh catur sontênira ||

22. angrasuk busana sami | sadaya sampun samêkta | arsa tindak maring lèpèn | mariksa wong ngambil mina | samadya pal têbihnya | mangetan prênahira wus | budhal saha wadyakuswa ||

23. praptèng asistenan mampir | manjing jroning palataran | mangilèn loji ajênge | rakite wêwangun anyar | galdri ngubêngi wisma | yèn jawi ran jagasatru | sinung hèk wilis cètira ||

24. kunêng asistèn wus mijil | tundhuk sami têtabean | lênggah tan dangu budhale | miyos kori bêbutulan | wingking loji prênahnya | mangetan tan dangu rawuh | ing têpinirèng narmada ||

25. kang palwa sampun [sa...]

--- 284 ---

[...mpun] cumawis | miwah ta sakwèhning saya | wus samya samakta kabèh | jala jaring myang karakat | sambêr myang sèsèrira | pêcak sandhat anco susuk | silulup gogo lan tangan ||

26. mangkana wong agung sami | jumênêng pinggiring toya | palwa wus sinaosake | sirah naga ngarsa wuntat | asri sinung bandera | gya nitih sadayanipun | kêkanthèn inggahing palwa ||

4. Kinanthi

1. dhinawuhan adan sampun | tumandang sagung piranti | gumuruh sarêng asurak | kang amèt myang kang ningali | suka myat lumbaning mina | gung-agung sabayi-bayi ||

2. klalèn jambal miwah palung | wagal pacal marmas tagih | rêngarêng papar saklasa | kutuk rong pêluk gêngnèki | pusuh lêmpuk sênggaringan | urang-watang miwah bêthik ||

3. kada granggang jakaripu | badhèr talumpah saupih | atusan mina kang kêna | kunêng tabuh nêm kang wanci | kondur maring asistenan | ingacaran lênggah [lêng...]

--- 285 ---

[...gah] sami ||

4. sinambrama ing pangunjuk | tan adangu nulya pamit | enjang bidhal maring praja | asistèn sung arjèng margi | sawusira têtabean | gya bidhal sawadyanèki ||

5. praptèng pasanggrahan agung | lajêng lênggah ing pandhapi | anutug kasukanira | dene mung kari saratri | gêndhing miwah langên swara | kinanthi dèn wolak-walik ||

6. jam kalih wlas dhahar sampun | bibaran samya aguling | ing dalu datan kawarna | ya ta kawuwusa enjing | ri Anggara Paing tanggal | kalih wlas siyaga sami ||

7. ingundhangan arsa kondur | samêkta sagung piranti | wus pinatah kang lumampah | miwah kang badhe umiring | nèng palwa myang kamomotan | sampat pamintanirèki ||

8. nihan sawusira ngrasuk | busana wong agung sami | budhal saking pasanggrahan | gumrah sagung kang umiring | sira Dyan Jayasarônta | Ondêrêgèn Wanagiri ||

9. anguntapkên urmatipun |

--- 286 ---

sêdya wangsul ing bênawi | ya ta wus praptèng narmada | palwanira wus cumawis | naga sri dhaulu sirah | binusanan lir duk wingi ||

10. sutendra ngaturan sampun | sigra dènira anitih | dene sagung para wadya | kang palwa sampun binagi | wus kawot sadayanira | gya mancal andhandhang mulih ||

5. Dhandhanggula

1. silir-silir wong agung amilir | asri bayak lampahing baita | lir paksi cakar walangèn | dulur-dulur aluntur | kang gamêlan munya ngrêrangin | ringgit wor swaranira | rinêngwa anganyut | tan têbih palwa swandana | sang siwaya kasukan samargi-margi | mangkana lamun kandhas ||

2. kalih atus jalma kang jagèni | ngurung-urung nut lampahing palwa | tan kari ing saparane | lamun kandhas anggêbyur | nyurung ana ingkang

anarik | kambanging palwa minggah | lumampah adulur | yèn têlas margèng dharatan | samya minggah ing dhusun amêgat ngarsi | sadangune mangkana ||

3. sangsayagung ing samargi-margi |

--- 287 ---

bawah kang kambah saurutira | bangawan inagnyan kabèh | mêthuk têpining ranu | marma kêrig têkwan rarywalit | kang umur limang warsa | kambah anggarubyug | samana panggagasira | kang angripta ya Allah kang murbèng bumi | luwih pamintanira ||

4. kang sinung nikmatirèng kadadin | lawan titah kang sinung sangsara | dene tan ana iribe | kang luhur samo sinung | mêngku ring rèh kawiryan adi | nir prih rêrênggining tyas | prapta ing sakayun | kang cilik nandhang sangsara | alpa boga busana langkung panas prih | payahing angganira ||

5. yèku pan maksih nandhang kuwatir | bok ginitik marang lurahira | mila sêngkut pratingkahe | karingêtnya kadya dus | kèndêl mênggah akêmpis-kêmpis | dhuh babo kang misesa | buwana sawêgung | mugi paringa aksama | maring dasih tuwan ingkang kawlasasih | kunêng ing lampahira ||

6. sang sutendra wau lumastari | samarga-marga tansah kasukan |

--- 288 ---

gumuruh wadya swarane | yèn tinon isthanipun | kadyatmajèng Janggalamanik | Sang Ino Kasatriyan | duk budhalirèku | saking ing candhi pulo bang | sakadeyan arsa gêpuk nagri Bali | nitih pun jaladara ||

7. sêngsêm mulat wuryaning pagajih | myang pasêngkrèn kèh tanêmanira | têpyèng ranu saurute | kênthang katela jagung | kacang kara miwah kacipir | kacang cina sêmôngka | karai lan timun | jarak jali juwawutnya | mangsanira lagya nêdhêng angundhuhi | marma wèh arsèng driya ||

8. tambah malih sri langên ing pinggir | sêsaosan sagung desa-desa | kang kamargan saurute | sung môngka bêktinipun | sêsaosan sakadarnèki | winehan hub-ahuban | wisma isthanipun | ing jro mèsi tumpêng panggang | myang sêmôngka kang palwa gantya nampani | samarga pan mangkana ||

9. miwah kang dadya sukaning galih | kèh kukila têpining udaya |

--- 289 ---

sinanjatan saurute | dêrkuku lan bêrkutut | blêkok jalak miwah gulathik | trinil grija kuthilang | tèngkèk thênguk-thênguk | kang kêna binujung palwa | anginggiri kalamun tumibèng warih | pambêlah gêbyur sigra ||

10. dupi praptèng manara ningali | lutung kathah nèng sengon kang wrêksa | pating caruwik swarane | parentah palwanipun | kinèndêlkên palwa wus minggir | sigra kang pratmajendra | tumêdhak sadarum | samya ngasta kang sanjata | Jêng Pangeran Natakusuma nibani | ponang lutung aniba ||

11. duk kumleyang linokakên mati | praptèng ngandhap gya tangi jumranthal | kang mulat suka guyune | wor ngungun sarwi jêtung | nora nyana dene ngapusi | tibane duk kumleyang | tingkahe lir lampus | tan wruh tibaning bantala | jaranthalan tumracak maring wit malih | sabên-sabên makana ||[10]

12. nulya ingkang rayi ganti-ganti | nyanjata nanging tan ana kêna | pan amung dadya sukane | mring

--- 290 ---

wadya kang dêdulu | ya ta Kangjêng Pangran Ngabèi | rênguning tyas sinamar | de pararinipun | agung dènnya sinurakan | sigra nyandhak sanjata tiniban kêni | lutung tibèng bantala ||

13. trus lambungira pêjah gumuling | wus pinundhut kawot ing baita | undhang budhal pamilire | wau sang narpasunu | datan kandhêg dènnya lumaris | sarwi adhêdhaharan | nèng palwa anutug | miwah sagung kulawarga | sinambrama tan ana kurang kang bukti | tiniti pinariksa ||

14. suka sagung wadya amênuhi | sarwa boga kunêng lampahira | wus prapta ing Kêdhung Banthèng | kèndêl samya angirup | rumpon tabuh kalih wlas wanci | mina mung sawatara | gya bubaran sampun | milir lêstari lampahnya | praptèng panambangan wanci tabuh kalih | laju ing lampahira ||

15. praptèng Nglêngking gisik wetan kali | wontên balêkok pinggiring toya | tiga ajajar encoke | ya ta sang narpasunu |

--- 291 ---

awas mulat ngandikèng siwi | lah Kusumadiningrat | pilihên paksiku | iya padha sinanjata | bêbarêngan kang putra tur sêmbah milih | kang mencok lèr priyôngga ||

16. kang kidul ingaturkên ramèki | mèsêm anganthuki sigra ngayat | sanjata sarêng kalihe | ingaban munya sampun | blêkok ingkang kidul kawilis | suka sagung tumingal | wimbuh langênipun | nulya pinèt ing baita | sampun katur kang paksi tinampèn aglis | milir malih kang palwa ||

17. wau praptèng Karadenan wanci | tabuh madya nêm kèndêl saksana | angirup malih rumpone | tan patya kèh tukipun | laju budhal palwa umilir | prapta ing pasanggrahan | poncol malih ngirup | mina antuk sawatara | budhal malih laju milir lumastari | eca lampahing palwa ||

18. tan rêkasa nut ilining warih | ya ta ingkang wanci tabuh madya | astha prapkèng[11] Kêdhunggudèl | wong agung minggah sampun |

--- 292 ---

pinêthuk ing Radèn Ngabèi | Wiryakusumèng Natar | ingaturan laju | mring pakuwon tarub lênggah | saha wadya wus pinarnahakên sami | tinata pangkatira ||

19. asêsugun midêr ponang larih | wantu-wantu panêmbramanira | sawusnya dangu lênggahe | ngaturan dhahar sampun | miwah wadya parêng abukti | mu[12] pae ênggènira | dhêdhaharan nutug | mangkana

wong kang nêningal | tan petungan kêthèn ayutan pra sami | busana sarwa endah ||

20. jêjêl tundhung-tumundhung apipit | rêbut ênggon ajêngkang-jinêngkang | mamrih katon pandulune | tiba pating gadêbug | tangi wênèh lajêng ambithi | dadya akêkêrêngan | pulisi abikut | pamisahe bokmanawa | ana ingkang anganggo gêgaman sami | dadya tan kobêr mulat ||

21. mawor barung kang pradôngga muni | abusêkan swaraning kang janma | pating talorong obore | riwut rêngyèng pandulu | kadi lampor wurahan atri | kunêng luwar bojana |

--- 293 ---

sigra budhalipun | wus dadya gusthining lampah | kondurira saking Kêdhunggudèl nitih | baita sowang-sowang ||

22. wus tan ana langênirèng margi | amung sare ngasokkên sarira | wit dahat arip sayahe | mangkana rinukti wus | pasarean palwa pribadi | nulya sarêng budhalnya | ya ta wus kapungkur | Kêdhunggudèl tan winarna | kang anendra sakeca nèng palwa milir | tan wrin wijiling arka ||

6. Mijil

1. kunêng gantya lingira ing nguni | wuwusên sang katong | linggar saking praja sabalane | Langênarja wus nyare saratri | wau jêng sang aji | ing dalu awungu ||

2. miyos ing Natar nuduh ing dasih | pêpilihan kang wong | manawa prapta ing sawancine | ingkang putra Jêng Pangran Ngabèi | tinimbalan aglis | pandhapa anjujug ||

3. kawuwusa kang andon aguling | ing Langênarjanjog | madya lima ing ngriku wayahe | narpaputra minggah wus apanggih | lan duta narpati | dhinawuhkên sampun ||

4. timbalane [timba...]

--- 294 ---

[...lane] kang rama sang aji | sandika gya bodhol | praptèng Natar anuju waktune | talingsingan tan panggih sang aji | turing kang pra êncik | ramanta sang prabu ||

5. sare malih kadangon anganti | wau ta sang anom | midêr anèng jro panatarane | byar raina utusan nimbali | kang raka nèng jawi | pangran arya prabu ||

6. dhinawuhkên sandika turnèki | sigra sarêng bodhol | minggah maring jro pasanggrahan |[13] ingacaran minggah ing pandhapi | ngantosi narpati | ing sawungunipun ||

7. tan adangu wungune sang aji | tinimbalan gupoh | Jêng Pangeran Ngabèi kalihe | Pangran Prabu Prangwadana aglis | umanjing jro puri | panggih jêng sang prabu ||

8. sinabdan raharjanirèng margi | tur nuhun magupoh | myang dinangu ing paran tingkahe | matur purwa wasana tan gêmpil | gya tinundhung mijil | sandika wus mêtu ||

9. pratèng[14] jawi pinaringan sami | sunggata sang katong | num-inuman pêpak sawarnine | miwah dhadharan sampun pinaring |

--- 295 ---

roti martegèki | sardhèn miwah kèju ||

10. myang sêmôngka kinarya lih-olih | ing rata wus kawot | kunêng wus kalilan mantuk kabèh | nêmbah mijil praptèng jawi kori | anitih rata glis | saha wadyanipun ||

11. tan cinatu[15] lampahirèng margi | Pangabeyan rawoh | tumurun saking ing rata age | tabuh astha enjing ingka[16] wanci | wus samya umanjing | ngacaran alungguh ||

12. nèng pantyalit sangarsèng pandhapi | wus samya alunggoh | datan owah duk mangkat rakite | num-inuman tan dangu wus mijil | ingacaran sami | gya sarê[17] angunjuk ||

13. nulya pamit mantuk mring wismèki | linilan gya bodhol | praptèng jawi anitih ratane | kunêng wau Jêng Pangran Ngabèi | dangu sawikinging[18] | paran ta rahayu ||

14. matur wit têdhak praptèng samangkin | tan ana pakewoh | siyang dalu tansah rumêksane | pra santana kang kantun nèng wuri | anggung pamujining | kang maring rahayu ||

1. § = 1808 [Sengkalan: salira mentar wana iku (Ahad Kliwon, 10 Dulhijah 1808 A.J.), sic. seharusnya: Sêlasa Kliwon, 10 Dulhijah 1808 A.J., 25 November 1879 A.D.]. (kembali)
2. bangku. (kembali)
3. Kurang satu suku kata: kang sinêbut Walandi wasta Tuwan Jan. (kembali)
4. Kurang satu suku kata: Suryadarma ajêjuluk. (kembali)
5. Kurang satu suku kata: wau Radèn Ngabèi Wiryakusuma. (kembali)
6. ingkang. (kembali)
7. pratêloning. (kembali)
8. sri. (kembali)
9. gêdhong. (kembali)
10. mangkana. (kembali)
11. praptèng. (kembali)
12. mung. (kembali)
13. Kurang satu suku kata: minggah maring jro pasanggrahane. (kembali)
14. praptèng. (kembali)
15. cinatur. (kembali)
16. ingkang. (kembali)
17. sarêng. (kembali)
18. sawingkinging. (kembali)

Pabrik Tasikmadu, Padmasusastra, 1898, #197

Katalog : Pabrik Tasikmadu, Padmasusastra, 1898, #197
Sambung : -
--- 176 ---

Tasikmadu

1. Dhandhanggula

1. wuryaning rèh makirtyaning rawi | Dite Manis rolikur kang tanggal | Rabingulawal taun Be | tan sêpi ngèsthi wadu |[1] Kangjêng Gusti Pangran Dipati | Arya Mangkunagara | ingkang kaping catur | mayasa pabrik sarkara | karsanira dadya pangungsèning dasih | kang sêdya ngupajiwa ||

2. dinunungkên nèng wetan banawi | laladaning desa Karangmaja | sakidul Nglano prênahe | ingaran: Tasikmadu | wolung êpal saking nagari | siti kèdêran toya | nêlasih marusuh | padesan gêng bêbanjaran | saubênge karang kitri katon wilis | kèh wisma kawistara ||

3. kono ingkang arsa dèn purwani | atrap banon talêsing suyasa | rinakit uparênggane |

--- 177 ---

ujung capurinipun | amaju pat sinungan anjir | bul-umbul kang kinarya | gêdhah rêkta pingul | jumbuh lan bandera Lônda | saubênge pinalang palêngkung alit | rinêngga ron puspita ||

4. pêpulêtan lir buntal malilit | lêt nyadhêpa congkok cagakira | mung kalih asta inggile | tandhês praptèng palêngkung | agêng ingkang pungkas capuri | mangalèr ajêngira | sakiduling lurung | ingkang anjog Karangmaja | jinajaran rêrontèk uruting margi | tumônja nuting saka ||

5. pojok marga kang mangidul manjing | mring capuri wetan sinung wisma | alit mangulon ajênge | tinaratag ing tarub | goning gôngsa ingkang ngurmati | saliring pamiwaha | ing sakilènipun | margagêng sinungan wisma | kampung panjang mujur mangilèn kinardi | sasana nambut karya ||

6. madya sinung marga ngidul maring | panggonane talêsing suyasa | kanan kering sama dene | pinanjêran palêngkung | alit kadi kang wus jinarwi |

--- 178 ---

têngah sawetan marga | dinêgan ing tarub | kono panggonaning gôngsa | kodhokngorèk kang kinarya angurmati | traping banon purwaka ||

7. cakêt talês rinukti ing panti | papan pancèn pamacaking kitha | ingkang tinanêm badhene | rinêngga ing pamangun | ginêbêran wastra warna tri | gêdhah seta myang rêkta | tan pae ingkang wus | kidul mangandhap sinungan | panataran derarsa trap-trêping kori | sinadhiyan pandaya ||

8. papan ingkang sakidul capuri | sinung marga ngidul paranira | tri dasa kaki wiyare | anjog mring marga agung | kang mangetan saking nagari | marang ing Karangpandhan | duk panggarapipun | tinutur mung pitung dina | têbihira satêngah pal winatawis | saking marga mring praja ||

9. nahên ingkang samaptaning pranti | dintên Saptu jam sakawan siyang | nunggil wulan myang taune | tanggal kaping salikur | Kangjêng Gusti Pangran Dipati | Arya Mangkunagara | mangkat têdhakipun |

--- 179 ---

sing praja mring Karangmaja | nitih rata cinatur ingkang umiring | kang nunggil sapuspaka ||

10. para putra kang dhèrèk kêkalih | Jêng Pangeran Prabu Prangwadana | Gôndasaputra kalihe | katiga putranipun | kangjêng gusti kang kaping kalih | Nararya Brajanata | ing saangkatipun | Tumênggung Jayasarosa | lawan sagung punggawa lan para mantri | dhèrèk wahana kuda ||

11. anggarêbyêk munggèng kanan kering | catur drahgundêr kang anèng ngarsa | dupi wau sapraptane | kilèn bênawi jujug | kèndêl têdhak wau jêng gusti | nulya nitih baita | praptèng sabrang sampun | pinêthuk pra mantri desa | ingkang arsa nampèni dhèrèk jêng gusti | grêbyêg wahana kuda ||

12. praptanira sawetan bênawi | kèndêl munggwing pasanggrahan lênggah | siniwèng punggawa andhèr | sira Radèn Tumênggung | Jasarosa

cakêt nèng ngarsi | jêng gusti angandika | mring radèn tumênggung | lah payo ungkur-ungkuran | ingsun mangkat sira balia [bali...]

--- 180 ---

[...a] umulih | dèn bêcik tunggu pura ||

13. atur sêmbah kang sinungan angling | kangjêng gusti wus nitih kareta | gya mangkat dhinèrèkake | wadya mantri ing dhusun | anjajari numpak turanggi | tan winarna ing marga | pan sampun kadulu | prênahe kang pasanggrahan | Karangmaja banderanira kaèksi | kumêlap lir nambrama ||

14. dhatêng ingkang wau badhe prapti | isthanira kadi anêdahna | sasana pratalèng sae | wus cêlak lampahipun | kinurmatan pradôngga muni | Kodhokngorèk barungan | lan gôngsa ing dhusun | kang cumundhuk mangarcana | Dyan Mas Panji Wiraasmara Kêsiti | wadana karta praja ||

§ = 1800 [Sengkalan: tan sêpi ngèsthi wadu (Ahad Lêgi, 22 Rabingulawal 1800 A.J., Minggu, 11 Juni 1871 A.D.)]. (kembali)

Têgalgônda, Padmasusastra, 1898, #196

Katalog : Têgalgônda, Padmasusastra, 1898, #196
Sambung : -
--- 163 ---

Têgalgônda

1. Dhandhanggula

1. ascaryambêk Jêng Pangran Dipati | Prangwadana myat kang pacangkraman | kamantyan lêng-lêng rêsmine | marma kinuswèng kidung | pinardawa sarkara wêrdi | mandarsanèng kawarja | rikala mangapus | Radite dwi dasa nawa | lèk Rabingulawal ri sêdhêng Be warsi | sangkala kang winahya ||

2. waudadi astha sabdèng aji |[1] wuryaning kalangyan saking praja | kidul kilèn ing prênahe | kang yasa Jêng Sinuhun | Pakubwana mandhiri kaping | sapta ran Têgalgônda | sakilèn margagung | kang dhatêng Ngayogyakarta | pinurwendah sampat srining kang wadari | rakit pura pêpara ||

3. majêng mangetan amangku margi | mujur mangilèn capurèng pura | nêmatus kaki panjange | mangalèr mung tri atus | pagêr [pa...]

--- 164 ---

[...gêr] banon kinôntha kêlir | saguthêk pinilaran | linepa ring pingul | rininggit amadung têmpak | puput papak praptèng gapura ing wingking | kang anjog mring narmada ||

4. sinung marga mubêng nut capuri | pirit lawan têpining têgalan | kinalang lèpèn kalihe | sakiwa têngênipun | lir jêjagang larèn ngidêri | pinggiring pasanggrahan | kinêmbêng ing ranu | longkanging jawi prasada | talun dadya pacangkraman sri bupati | terong timun watêsan ||

5. prênah ngarsa cakêt lan capuri | sakiduling marga sêsimpangan | ingkang saking lurung gêdhe | salèring margi sinung | wisma panjang lajuran tunggil | kêstalan yèku môngka | palerenanipun | sagung rata myang rakitan | titihane sadaya kang para putri | cèthi miwah parêkan ||

6. pinrih pupul ing papan sapanti | dadya sapetak payon atêpan | cêpak puspaka: prênahe | pagêr capuri ngayun | banon pandhak pinancaksuji |

--- 165 ---

jêjênêng pinilaran | talajug tinunjung | banjêng pagut ing wiwara | tanpa wrana mrih bawera ing pangaksi | sagung kang kawistara ||

7. madyèng natar mawa langên adi | sakêmbaran kang candhi gupita | tinanêman saubênge | sari sawarnanipun | sasêlane candhi kêkalih | kulah kilenan toya | mimba saking umbul | maju pat munggèng pojokan | madya sinung wot mangetan prapta maring | panjêraning bandera ||

8. kanan kering pagêring capuri | lêlajuran ginêdhang salirang | bêlah binalik palihe | kang lèr kilèn gyanipun | sagung koki dhaharan sami | kang olah sêsaosan | rinukti nèng ngriku | sagêdhong malih gyanira | pra rêdênas kang samya anglêladèni | wedang lawan minuman ||

9. nênggih wetan malih kang sapalih | panggenane kang titihan rata | myang pangirid turanggane | agêm ingkang sinuhun | nunggil gèning kênèk lan kusir | wontên malih wangunan |

--- 166 ---

pagêr banon kidul | samya kinarya timbangan | lawan kang lor kang gêdhang salirang anging | kaot tan mawi kamar ||

10. unggyaning kang dasih ngampil-ampil | sakaprabon upacaranira | para pangeran sakèhe | longkang sawetanipun | gêdhang slirang sinungan malih | wisma panggenan gôngsa | kalih nunggil dunung | saidêring palataran | tinanêman taru-taru sarwa saking | kang mêntas pinutêran ||

11. pandhapagêng mujur tundha kalih | kampung Bali balungan lis-lisan | rêspati lan sêsadone | pilihan kang rèng usuk | anaracak paniyung sami | pamatuting rapêtan | lir ginônda maru | umpak sinami lan saka | agêngira kinarah ingadu manis | kinangan sinangsaya ||

12. tinaratag turut ing taritis | têpung lawan têpining suyasa | paningrat jawi jèjère | rakite kang wêwangun | capurining pura pinalih | saduman palataran | kang sadumanipun | pindha gupit [gu...]

--- 167 ---

[...pit] pamidhatan | panggonaning para dyah pawongan cèthi | kinêlir pagêr bata ||

13. kanan kering watêsing capuri | ujung jujugan mawi wiwara | butulan praptèng jawine | kang pagêr banon agung | têkèng marga ingkang ngidêri | jroning kêlir laleyan | sinungan manguntur | pêrak kori bêbutulan | kalih samya ngapit kang manjing mring puri | gapuralit rinêngga ||

14. inêb-inêb pinulas cèt wilis | lis-êlisan tanapi panilan | linut seta pêpulase | tan wênèh wangunipun | lan gapura purèng nagari | winarna rêngganira | sasanèng sang prabu | pinandara ing sarwendah | kamar kalih pinalih angapit kori | kang nrus mring pêpungkuran ||

15. tèbèng tinêbêng têngah ingukir | pindha sorot baskara umimba | saking udaya isthane | cinawi gêdhah pingul | pêpingule aciri èsthi | kuningan tinartima | lawan sratinipun | punika môngka sangkala | ing nalika adêge kang suyasa [su...]

--- 168 ---

[...yasa] di | saking sabda sang nata ||

16. candhelanira mubêng umunggwing | jro panirat madyaning suyasa | sayut sauparênggane | cinitrèng wungu wimbuh | nawung srining amardapèng jring | ujwala ngandakara | rok angupu tarung | tawuran katrangan kaca | byar parada mradipta tulya ngulapi | lir sunaring sasôngka ||

17. jarambah jro pinalêstèr wradin | tampa kajoganing kang witana | tandhês panirat jêmbare | tumutur pinggir batur | sêsakane pilar ginilig | ginêgêl gêlang sweda | têtirah tinurut | balandar ngidêri wisma | pantog bata kêkêlir ing kanan kering | pagut pipi gapura ||

18. purwa gêdhang salirang sinami | pan kinirtya maratri sakôntha | sanggya para dyah unggyane | malih wontên wêwangun | sakilène suyasèng wuri | sinungan made pelak | joglo wangunipun | kinubêng taratag rambat | jêjiglakan jinumbuh warnaning sungging | lan sanggyaning sasana ||

19. sêsaosanira sri

--- 169 ---

bupati | lamun karsa lêlangên mariksa | ing udyana saisine | lan pramèswari prabu | miwah putra sang juwitadi | myang kang para parêkan | siniwi nèng ngriku | têpi jawining taratag | pêpêthetan banjêng jambu lan balimbing | pêlêm sawo dalima ||

20. sêling silih luhurira lagi | duk sadêdêg ingkang tiris dênta | taru pradapa rumêmbe | wilis salin ronipun | wênèh lagya wanci ngalilir | kaleyang kang wus laya | katut ngangin runtuh | lata kang susulan anyar | sêmi pulih alume waluya saking | daut ngalih panggonan ||

21. lêlongkanging kilèn binotrawi | kawan dasa kaki wiyarira | pitung dasa pamanjange | wijile toyanipun | saking pojok lèr kilèn puri | sinung têlih tinalang | iline lumêbu | binêbêg jroning pratala | rinèh dening paesan kêkalih dadi | kanthi umbuling tirta ||

2. Kinanthi

1. muncar kawuryan kang ranu | udale kang umbul kalih | saking [sa...]

--- 170 ---

[...king] gunging pra wadara | saksat ngalèbi botrawi | sumilak tanpa kalesa | sumunu masêmu wilis ||

2. kasongan baskara nawung | luruh lumirap kang warih | sarônta tawang lumenggang | pindha lalaban lumindhih | kèlu tumibèng jro toya | lumembak katub ing angin ||

3. tarap urut tinarutus | tut têmbing winancaksuji | jêjêg panjang ngalih asta | binêlah minôngka kori | pulas wilis tunjung seta | lêlangêning para putri ||

4. yèn arsa siram nèng ngriku | lêlumban sing dal-dal warih | rineka pojok kang wetan | pangurase mawa kori | lak kalih pambukanira | kêkirih pintuning warih ||

5. têkèng jawi banon têrus | marga sadhasaring siti | kikis jro pagêr katingal | mili nut lêlarèn alit | malipir turut laleyan | iliraning sarah kèli ||

6. tumibèng têgal tumuruh | ngalèr myang mangidul têbih | têmpur tulaking talunan | kentar saking antaraning |

--- 171 ---

balowartining udyana | palunturaning kang warih ||

7. wontên wismalit dinunung | kêkalih rinêngga asri | pratikstha swamipèng taman | ayun-ayunan kang kori | kinuswèng warna mandrawa | rakêtan banon capuri ||

8. yeka pasiramanipun | ing kanjêng sri narapati | lawan sang garwa dayita | wismalit ingkang satunggil | jêng gusti sêkaring pura | pêrak guskara mawêning ||

9. tulya rêsmining kalangun | wêwangunaning wadari | pinardikèng rèh mardawa | darunaning udyana sri | sêla-sêlaning gugulan | pinunggêl sinungan margi ||

10. sêsimpangan rawa catur | cakêt ngubêngi botrawi | nganan ngering têtêpungan | sêsipatan praptèng pinggir | satêpining pagêr bata | kèdêran puput malipir ||

11. têngah-têngahe pinatut | pininta taman rêspati | sangkêp warnaning puspita | sumyar mamêrdu mênuhi | kataman ing samirana | kongas rume maratani ||

12. lêngênging lung-lungan lumung | lumungsir silar kawingkis | wêwangi [wêwa...]

--- 172 ---

[...ngi] kang sêkar-sêkar | mênur taluki kanikir | prabusèt purbanagara | soka sridênta saruni ||

13. malathi argulo pingul | pacar capaka capiring | pirit kilèning balumbang | tumimbang kêmbang ngubêngi | ingkang samya jinêmbangan | tut imbang anjrah ngèbêki ||

14. sapasang-pasang sinungsun | saplak prênahe kang sari | sakôntha pinara astha | pratikstha unggyan jininggring | panjang ngalih têngah astha | sukuning jêmbangan sami ||

15. tarap lêlarikanipun | runtut tata tan lumirig | pêrak parigi gènira | têlih toya kang piningit | namar munggèng jroning wisma | kinêkêr tan kêna kèksi ||

16. nginggil taratag tinutup | balabag sinungan panti | joglo gêng tulya rinêngga | sêsunggingira sinami | sêmune kang wus winarna | tan siwah kang witana sri ||

17. dèn apit kêkalih umbul | alit munggèng kanan kering | minôngka panundhanira | sunglon pangrantuning warih | kang manjing têlih balumbang | sêsirih [sêsi...]

--- 173 ---

[...rih] toya ngalèbi ||

18. mêlêg iline lumintu | udale kang umbul alit | malêngkung saparon asta | luhure tumiba malih | nulak lumembak kambêngan | mulêg madyaning botrawi ||

19. ramya swarane kumucur | narawung ririh sênggani | kolêk ing we mawalikan | kasiliring marutaris | anrang kumala kumêlap | kèngêl kadya ngalayoni ||

20. srang-srangan kang sari katup | kontap rarase ngênani | naputi srining udyana | nawung kang trênggana tistis | ris-ris sirating brêmara | rumêsêp mrih sari-sari ||

21. sarkara kèsêpan kusut | kongkih kudhupe kawingkis | wêkasan rungkat karantan | luntur tanpa teja sêpi | sirnaning sari katrêsan | sumawur tumibèng warih ||

22. sinrang kang sadpada kadung | turida dènnya mêmêrdi | tumiling muluk maluya | mring tawang dènnya sêsandi | mulad diwasaning sêkar | sumyur lumrangira kadi ||

23. sumêbar anèng jinêmrum | puspita [puspi...]

--- 174 ---

[...ta] ruru mrih tistis | kentar layone tumular | tut larèn pagêr ing pinggir | kikis wêkasing pungkuran | pêpanahaning capuri ||

24. madyaning laleyan sinung | gapura pinardi wilis | tinêpi mandara seta | siring lan gapurèng kêlir | kinêpang pangapit pura | kaot gêng kang munggèng wuri ||

25. kiwa têngên gapuragung | sinungan gupala warni | andaka rineka kadya | anjrum pratingkahe lagi | kèndêl saking asêsaba | sajroning taman duk prapti ||

26. wingit solahe lir tunggu | gapura kang dèn jagani | wêngane kori wêkasan | mring wuri rapah apirit | rangkah wêwêngkoning taman | ujung juranging jahnawi ||

27. jawining lèpèn kang têpung | padhusunan kanan kering | pêrak môngka pakuwonnya | pratiwa myang para gusti | samya karya pagubahan | papan polatan tan têbih ||

28. watês antaraning talun | katrêpan rinakit-rakit | miwah kang para wadana | kawot sawadyane [sawadya...]

--- 175 ---

[...ne] sami | sabên padesan kèbêkan | kanggonan bala ngêlèbi ||

29. nahên rawining kalangun | winarah wuryaning nguni | ananing kang pacangkraman | Têgalgônda kang bawani | Ondêr Mayor Jayaningrat |[2] kêkasih Jêng Sri Bupati ||

30. panji urdênas kang lungguh | ingandêl tur misesani | salir pakaryan jro pura | kontap ing pranata titi | têtela têtêp rumêksa | ing kaprabon sang siniwi ||

31. palastha dera mangapus | kapapas kapêsan budi | dumadi darwa paminta | mring sanggyaning kang mahapti | nungkara gita nirdeya | tarlèn aksamanta sami ||

1. § = 1784 [Sengkalan: waudadi astha sabdèng aji (Ahad, 29 Rabingulawal 1784 A.J., Minggu, 9 Desember 1855 A.D.)]. (kembali)
2. § Kangjêng Radèn Adipati Sasranagara Ridêring Ordhê Nèdêrlan Sênleyo, pêpatih karaton dalêm ing Surakarta. (kembali)

Wanagiri, Padmasusastra, 1898, #194

Katalog : Wanagiri, Padmasusastra, 1898, #194
Sambung : -
Wanagiri

1. Kinanthi

1. ingkang winursitèng têmbung | pasanggrahan Wanagiri | prênah kidul wetan praja | ing antara datan têbih | pan amung wolulas êpal | munggèng sasukuning ardi ||

2. punika iyasanipun | Jêng Gusti Pangran Dipati | Mangkunagara ping tiga | rikalanira cangkrami | ambêbêrêg buron wana | amisayèng ulam kali ||

3. lan pra tuwan kang tinamu | tanapi kang para gusti | bupati tuwin satriya | sêsuruhan ingkang prapti | sawadya upacaranya | prajurit lan para mantri ||

4. ing ngriku pakuwonipun | rinakit winangun asri | kinôntha sapôntha-pôntha | kadi purane pribadi | sinuba ing bojakrama | tan kêndhat ing siyang ratri ||

5. cinatur rêrêngganipun | wau pura Wanagiri | papan lêdhok sawatara | kinubêng ing wukir-wukir | angungkurakên narmada |

--- 127 ---

lèr wana gêng anglangkungi ||

6. ginapura pinalêngkung | pêpalang malipir margi | pagêr bobok bêbanjêngan | panjang tiga bêlah kaki | pasagi capurèng pura | pêrak mubêng ingkang margi ||

7. sinung wisma tri tur agung | ginunggung dadya sawiji | ngiras mubêng èmpèrira | majêng mujur kampung bali | balungan balok balaka | ingkang minôngka pandhapi ||

8. ing jêro pinetak pintu | kori gêng lêmpit angapit | candhela ruji sadaya | naratas têrus lan kori | rinênggèng hèk mubêng wisma | sêsadon dinulu asri ||

9. sinarasah balabag byur | linajur rineka loji | talundhag tinundha-tundha | sungsun katri kayu jati | catur wisma munggèng ngarsa | ajajar ngapit ing kori ||

10. ing ngriku pasowanipun | punggawa lan para mantri | katiga panggenan gôngsa | pelog slendro carabali | sajawining pintu ana | wismalit kiduling margi ||

11. puniku pajagènipun | gyan prajurit saragêni |

--- 128 ---

latar pura rinarata | rinolak pêthak satharik | tinêpi ing kalamênta | kinênthêng pathok ngubêngi ||

12. wontên malih wisma mujur | jajar katri amaripit | kêpering wetan prênahnya | nèng sajroning kang capuri | unggyan Ordhênas Walônda | lan dasihe para tami ||

13. ingkang lèr panggenanipun | tukang sêpèn lawan koki | patehan miwah patirtan | pasiramaning pra gusti | kidul kalèn pinanjêran | bandera munggul kaèksi ||

14. pagêr wetan pinalêngkung | sinambungan pancaksuji | binengkok panjang tri asta | jêjênêng jêjêg pasagi | piningul pêpongolira | lir jêjêran anjajari ||

15. lèr wetan wangunan agung | sasananira jêng gusti | rineka lir purèng praja | jêjêl pêpêt amaripit | pakuwoning pra santana | tan ana ingkang amêncil ||

16. marga gêng têrus mangidul | mring pakuwon para tami | mangetan marang bangawan | kang mubêng manut capuri |

--- 129 ---

ngapit marga kuwunira | pugawa[1] lan para mantri ||

17. para dêmang lajur-lajur | ajajar têpining kali | tinon sri kadya carita | duk sang prabu ing Biraji | makuwon nèng Parangjara | sawadyane jayèng murti ||

18. narmada rinênggèng wuwus | mangalèr ilining warih | santêre mung sawatara | andalêm sumilak wêning | alindhuk wetan têpinya | taratabaning wanadri ||

19. lombok terong bayêm sêkul | sinêlan sêkar talasih | salong sinêlingan sata | saurute praptèng gisik | gasik tur wêdhi malela | mêlêng-mêlêng ting parêlik ||

20. kèh warnane watu-watu | kentar-kentar saking wukir | ana pita seta rêkta | krêsna kapurônta wilis | gêdhah wungu maya-maya | mênik-mênik pindha akik ||

21. sinaba pêksi pêpêlung | maluwo milu maliwis | blêkok bêlêg mencok sela | kontul kêtali nèng pinggir | sribombok asru uninya | pêcuk cangak lan têrinil ||

--- 130 ---

22. rêrumpon kang anèng kêdhung | yèn tinumpu amênuhi | kang mina kèh warna-warna | jambal wagal bêngkik tagih | papar pacal bêrot saga | kada lêmpuk lopis sili ||

23. kalalèn kalawan palung | rêng-arêng tawès têngiri | mèlêm badhèr wirasoca | talumpah balutak kêting | kutuk kotès sogok prana | bêthok bêthêm sêpat bêthik ||

24. lawan cinawisan prau | rêmbaya langse linungsir | sutra pita sungsun tiga | pinayonan motha putih | carma pita kasurira | kinêmbang cinuki-cuki ||

25. ginêbêran motha pingul | baita pinulas wilis | wingking winehan bandera | gêdhah seta kêstin abrit | cêcanthik rineka kuda | pambêlah dèn busanani ||

26. gêmbaya bang ikêtipun | kulambi kêmejan putih | bênting wastra jingga loka | calana gêdhah mathinthing | punika titihanira | jêng gusti pangran dipati ||

27. lan pra tuwan agung-agung | yèn lêlumban nèng

--- 131 ---

bênawi | angêngundhuh amisaya | linampahkên mudhik mulir | nahên ta rêrêngganira | mangsuli kang wus kawijil ||

2. Mijil

1. ngilèn lêrês ajênging capuri | tan têbih kapêntog | wukir alit mangidul sukune | ujung êlèr têpung ing wanadri | parangrong kaèksi | tuwin watu-watu ||

2. apêpanthan nèng pucuking wukir | soring taru ayom | eyup ayom sêmi saoyode | mulêd sela lir sinalang sami | lêlamat lumuting | karirisan tuwuh ||

3. tuhu tawang kang anèng ing tawing | gurdagêng garowong | nguwêng-uwêng nguwung suwarane | kataman ing maruta sumilir | mulur ting saluwir | silar nora kumpul ||

4. wrêksa jajar jêjêr jujur wukir | ngrêmpoyok angrongkop | maya muyêg ijo sarondhone | randhu dhadhap gêdhondhong asandhing | sana sênu sêmbir | sêmpal simbaripun ||

5. kêplajêngan kêmiri kêmuning | kêpêl kêbên kêpoh |

--- 132 ---

kêlampeyan nèng jurang anggone | kêmlandhingan kêmlaka kêlampis | kêmulwa kêsambi | sêrut lawan sêntul ||

6. soga sêcang soka sana nginggil | munggul kang wit sengon | plasa blasah balêsah sêkare | abang-abang abra balêrêngi | jêjêl kayu jati | maja jajar êpung ||

7. pange pêpêt kapipit ing sambi | têpung adu oyod | lan timaha jêmpina wit pule | gêndhayakan kang dhoyong nyèndhèni | dheyandhe trênggguli | trênggulun trikancu ||

8. kalak garu aruman sêlangking | walikukun tolok | kêndhal kêdhawung jengkol lan pête | kayu lanang wangon waru ipik | bilang bulu bibis | dhuwêt bêndha pucung ||

9. pacing pace pucuke amêncit | rinambatan oyod | angayangan ngayuh mring wit ale | pêpulêtan tarêman walulin | yuyung gandhêl ngungkil | bèndha jênu tungkul ||

10. tangkil grêmbêl grêmbul bêbondhoti | anjêkèngkèng ring gon |

--- 133 ---

rungkut rêngkêt rêrayung lan rawe | rayung ruwêt galagah pênjalin | dhurubamban piji | galonggong palumpung ||

11. iring-iring pêpèrènging ardi | tuwuh êmpon-êmpon | amêpêki wana saanane | sunthi kêncur jae lawan kunci | bêngle lêmpuyang prit | myang lêmpuyang kapur ||

12. puyang gajah kunci pêpêt kunir | laos lan têmu poh | têmu irêng galènyèh lawake | têmu lathi lawan têmu giring | marajak andadi | sumêla ing watu ||

13. warna-warna isine ing wukir | wimbuh dhukuh katon | sri kawuryan kèh palakirnane | palapêndhêm samya dèn tanêmi | kimpul talês linjik | bêrèt bêntèl bêntul ||

14. gadhung walur gêmbolo gêmbili | suwêg senthe lompong | wi katela kênthang balerante | gaga gênggêng gubug gabag pinggir | pagêre parigi | parang tumpuk-tumpuk ||

15. têpi-têpi sinêbaran jali | juwawut ngalojok | juwêt juwèh jêlèh

--- 134 ---

kang aduwe | anggusahi pêksi ngrêrusuhi | susah sari-ari | sabên sabèng ngriku ||

16. bèthèt pênthèt kèkèt myang srigunting | bondhol glathik belong | baranjangan kuthilang arame | cocak kacêr manyar êmprit pêking | bêrkutut kudhasih | dêruk lan dêrkuku ||

17. akalangan kang wolung kuliling | bidho basu boncong | alap-alap alêpas ibêre | ambêburu bêrkutut barênggi | niyup anampani | nampêg jakawuru ||

18. wêruh wuru wirang amalêncing | nèng pucang amencok | pêt-umpêtan pêtêng panggonane | gugup gagak kasêlak nyambêri | bêr-ubêran bali | bêluk blêkêtupuk ||

19. dhêlik dhêpès mêrak amarani | nèng pucang amencok | nèng paragak nyêngungong swarane | rantap-rantap ingkang anèng siti | sata wana muni | cêkitrèk kaluruk ||

20. sadayane katingalan sami | saking ing pakuwon | amuwuhi lêlangên asrine | lamat-lamat [la...]

--- 135 ---

[...mat-lamat] ujunging wanadri | têpung lawan wukir | andhêndhêng ngêndhanu ||

21. sato-sato sadaya mêpêki | kidang sangsam ewon | kancil cèlèng cêlak panggenane | andhêrusul dhêdhukiri têgil | sima sabèng sêpi | sabawa yèn dalu ||

22. landhak luwak cêdhak lan trênggiling | blacan cêcêp gogor | kuwuk kawuk garangan lan rase | walang kapa karêndho jaliring | janjang anggung jungkir | jrih jalarang sênggu ||

23. banthèng Jawi wus samya angungsi | ngilang ngalih ênggon | sarpa-sarpa sasaran playune | wus nalusup nlêsêp ing asêpi | mung kari kang kuwi | kêthèk nom lan lutung ||

3. Sinom

1. akathah tur warna-warna | sato sajroning wanadri | samya jênak asasana | wit dènnya ngupaya bukti | sarwa ana mênuhi | tan sangsayèng sabanipun | wêwêngkon wana wiyar | waradin prapta ing têpi | kêtêp atap taru turut angrêmbaka ||

2. lindhuk siluk tan asêla | angrongkop têpung [tê...]

--- 136 ---

[...pung] ngaubi | tangkiling têkèng antara | lir taratag anaritis | tanpa corah tan sungil | pêpèrèng lêbak pêpundhung | nir pringganing antaka | marma datan ngrêkasani | amisaya kabèh sato jroning wana ||

3. myang sinung planggrongan wrêksa | binrayut ing lata sami | tigang asta inggilira | pinrênahkên munggèng sêpi | ginodhag sapambêdhil | jèjèr ajajar ngêlajur | rinopoh ron warata | supaya aywa kaèksi | wus pininta unggyane para santana ||

4. kadya rakiting ngayuda | wangun gêlar kaga pati | kang munggwèng panjawat kiwa | Jêng Pangeran Mangkubumi | lan para putra sami | satriya myang para tamu | panjawat ingkang kanan | saha wadyanira sami | myang sagotra santananira sadaya ||

5. môngka patuking kagendra | residhèn sapara upsir | jêng gusti têtêlihira | pangran dipati ngabèi | gêgithok angênggoni | Pangran Natakusumèku | bêbuntun wrahatbala | kang samya [sa...]

--- 137 ---

[...mya] nuntun turanggi | siningêpkên nèng grumbul kang kiwa-kiwa ||

6. ri wusing rakit samêkta | dyan lêkas binêrêg nuli | atusan wadya ing desa | panglawe dêmang ngabèi | kang samya dèn tindhihi | sawega swara gumuruh | jêjêl ajèjèr wayang | kêmput sajroning wanadri | ambalabar surak ngukuk mawurahan ||

7. rumupak lampahing wadya | giris sato ing wanadri | lumayu asalang-tunjang | angumpul wadya sawiji | tambuh dènira ngungsi | abingung pating bilulung | lor kidul kaidêkan | tan ana sêlaning janmi | ing wusana nêmpuh byak ênggon wisaya ||

8. gya kinrutug kang sanjata | dêrês tibaning kang mimis | kathah kang palastrèng papan | tuwin ingkang nandhang kanin | sawênèh dêdaganging | ting barêngèk swaranipun | ana ingkang brangkangan | tugêl sukunira kalih | sakarine malayu arêbut papan ||

9. suka sagung kang tumingal | surake gumuruh atri | wijah-wijah wadyabala | miyat [mi...]

--- 138 ---

[...yat] sangsam akèh kêni | sarwi lok cêrik-cêrik | ana kêpkok[2] tanganipun | ambapang suraweyan | ana kang ngunus panguthik | kumaruwuk sêsumbar sarwi pandhapan ||

10. mawarna solahing wadya | kang manut sukaning gusti | tan kêndhat sanjatanira | ingkang tinarajang têbih | ngumandhang kapiyarsi | awor swaraning wadyagung | tan ana kang kuciwa | lir tuhu wong mangun jurit | rêbut papan silih rok madyèng palagan ||

11. ana ta ingkang satriya | taruna nindita wasis | mangulah sanjata dibya | ana kacuwaning galih | katunan dènnya musthi | sanjata pranata arju | wit keguh dening byuha | adrêng arsa apêpulih | mahaswara wisata nitih turôngga ||

12. mung katri lan gêrmanira | midêr nèng wana kuliling | gya namakkên kuntanira | kang pinujwèng siyang ratri | pratitis ing pangaksi | ing pranata ywa kaliru | ing sangsam antakanya | panjang yèn winarnèng tulis | ingkang samya kasukan [kasu...]

--- 139 ---

[...kan] anèng ing wana ||

13. sabên-sabên pan mangkana | ing sajroning patang ari | yèn nuju môngsa katiga | jêng gusti dènnya cangkrami | mundur saking wanadri | siyang wanci pukul satu | lajêng mring pasanggrahan | ing dalu bujana sami | datan liya kinarya imbal wacana ||

14. dènnya samya anyanjata | sangsam duk anèng wanadri | rêbat unggul ing pamirsa | tuwin asaling pêpati | sinambi nêningali | talèdhèk bêksa lan minum | mirêngkên gêndhing munya | ginanti badhut banyoli | sri kawuryan winimbuhan dening pandam ||

15. apadhang kadya raina | suyasa saengga loji | sampat ing busananira | sêtrolup tuwin sêtrali | mubêng jèjèr lan kori | linayaran motha pingul | pratilam di rinêngga | ngandhap babut prangwadani | sabên saka tinemplokan kang panjuta ||

16. kamantyan langên pradipta | marma kèh padha ningali | kawêsalu? anèng marga | wong desa jalu myang èstri | kang têbih samya

--- 140 ---

prapti | kalulun warta kêlayu | sinambi ngupajiwa | dhêdhasar anèng ing margi | yèn raina pakuwon saengga praja ||

17. tutug dènnya ôndrawina | jêng gusti pangran dipati | lawan sagung tamunira | bubar yèn wus madya ratri | mangkana sari-ari | tuhu wong agung pinunjul | deramrih karya suka | lêgawa anrus ing batin | ambêk santa sihing wadya paramarta ||

1. punggawa. (kembali)
2. kêplok. (kembali)